ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПЛАНЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№48 (22.206) • 2012 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 20, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Газыр зыдыгъуэхэри и уасэр зымытхэри щыIэщ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр газкIэ къыдэгъэпэщыным пыщIа Iуэхуэм щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым и Президиумым иригъэкIуэжIа зэIущIэм Правительствэм щыхуэхаха зэманым кьрифыбдзэу. Побэм ирихьэлIэм щы Iэнатlэм щыIэ щытыкIэм тепсэлъыхьащ «Газпром межрегионгаз Пятигорск» ООО-м и директор нэхъыщхьэм и къуэдзэ, а Iуэхущ1апIэм и къудамэу республикэм щыIэм и унафэщI Жамборэ Станислав.

АБЫ къыдэригъэлъэгъуамкIэ, 2011 гъэм республикэм щыпсэуэхэм сом меларди 2-рэ мелуан 832-рэ и уасэ гъэлъхьэуауIыпащIу, ауэ абы щIэпкIэу ятар сом меларди 2-рэ мелуан 15-рэщ, нэгъуэщIыжыпIэмэ, ахьшэу кьыхэкIым хуеям и процент 71,2-рщ. 2010 гъэм епIыкIэм, къэгъэсэбэпа газым и уасэм щыщу кьыхэкIыр процент 1,5-кIэ нэхъыбэ хъуащ, ауэ дебитор щыхъэн хэхъуэ зэпыитщ. Идкьыпсту газ уасэу унагъуэхэм сом меларди 2-рэ мелуан 300-м щIигъу, промышленностым сом 1 меларди мелуан 59-рэ ятlелащ.

Доклад зыщIам нэгъуэщI зы Iуэху мыщхьэхуIаIащ апхуэдэ бжыгъэхэр езы щыхэхэм къатын зэрыхуейр, сыту жыпIэмэ телефонкIэ къэпсалъэуэр ирагъэтх бжыгъэхэр щымыпэж куэдрэ кьохьу.

Бозий Натбий апхуэдэу жиIащ «Аргументы недели» сайтым щIыхуэхэр гуитIщхьитI зыщIа, газыр къэгъэсэбэпыным кIэ мардэхэр мыпэжу кьыщыгъэлъэгъуэ тхыгъэ къыдэрытрадзар. КъащIтэмэ, тхыгъэм зэритымкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу газ хьэкуэр къэзыгъэсэбэпхэм зы щIыхэм хуэзэу мазэм кубометр 33-рэ ягъэсу хуатх, ипэжыпIэкIэ ар кубометри 10 фIэкI мыхъу пэтми.

Парламентархэм «Газпром межрегионгаз Пятигорск» ООО-м и къудамэу республикэм щыIэм чэнджэщ ирагащ ягъэува тарифхэмрэ зэфIагъэкI зи чэзу лэжьыгъэхэмрэ щIыхуэхэр и зэманым щыгъуазэ ищIын щхьэкIэ Iэмал псори кьигъэсэбэпыну, апхуэдэу дебитор щIыхуэм хэмыхъуэн папщIэ, зыхуэфащэ лэжьыгъэ иригъэкIуэкIыну.

Депутатхэм кьыхагъэщхьэхукIащ газыр щыгъэрапщ Iэмэпсымэхэр гъэувыным сэбэпынагъ иIэми, абы ахъшэпхуэ зэрыпекIуадэр. Щы-хуэхэм езы Iэмэпсымэм сом мини 5, ар зэрагъэувым папщIэ сом мини 2,5-рэ щIатын хуейщ. Доклад зыщIам зэрыжиIамкIэ, банкхэм ящыщ зыбжанэм а Iуэхуэм трагъэкIуэдэн папщIэ кредитхэр яту щIадзащ. Ящыкьуэхэм деж, унагъуэр хуэмыщIамэ, газыр кьыхэрапщ Iэмэпсымэр пщIэнэщэу хуагъэув.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и апэ къуэдзэ **Жаным Руслан** кьыхигъэщхьэхукIащ уней лъапсэхэмрэ фэтрэхэмрэ кьыщагъэсэбэп газ Iэмэпсымэхэм я лэжьэкIэр и зэманым кьыхэзрамыщIыгъэм щIыху куэд зэрыритхьэусыхэр. Абы къыхигъэщащ языныкьуэхэм деж газ Iуэхущ1апIэхэм я Iэмэпсымэхэм щIэт газ Iэмэпсымэхэр зыхуей хэзгъэзэным гулытэ хэха хуащI.

УРЫСМАМБЭТ Бэлэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

ЩIалэгъуалэр я лэжьэкIэм щыгъуазэ ящI

Хабзэ зэрыхъуам тету, иджыблагъэ КъБР-м и Парламентым щрагъэблагъащ щIалэгъуалэм я лЫкIуэу гупитI.

КъБКъУ-м и педагогикэ колледжым щIэсхэм яIущIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Саенка Татьянэ,** ЩIалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щIыхубэ хэныбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм я IэхуэхэмкIэ комитетым и унафэщI **Хъэщхъуэжь Татьянэ,** ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ узынщагъэр хъумэныкIэ комитетым и унафэщI **Жанатаев Сэлим,** Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ комитетым и унафэщI **Дадэ МуIэед,** Парламентым и аппаратым правовой экспертизэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Вэрокъуэ Руслан** сымэ. Парламентым и зэхэлъыкIэм, ар зэрызэтеувам щыгъуазэ защIа нэужь, хьэщIэхэр щIэлъщIащ езыхэм нэхъ яфIэгъэщIагъуэн Iуэхуэхэм.

«Гимназие №1» муниципальнэ Iуэхущ1апIэм щеджэхэр Экономикэ политикэмкIэ, мылъкумкIэ, хьэрычэт Iуэхумкlэ комитетым и унафэщI Марьяш Ириндэ IущIащ. Абы кьрихьэлIащ КъБР-м и Парламентым и деж щыIэ Щалэгъуалэ палатэм и унафэщI **Шышш Аслъэн.**

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● ЗэIущIэхэр

ЕфIэкIуауэ къалъытэ

Иджыблагъэ зэхэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и деж граждан жылагъуэмрэ щыхуэм и хуитыныгъэхэмкIэ институтхэм зегъэужьыным хуэщхьэпэныкIэ щыIэ комиссэм и зэIущIэ. Абы щыхэплъащ Iуэхугъуи 4-м: «Следственнэ изолятор №1» федеральнэ Iуэхущ1апIэм щыхуэм и хунтыныгъэхэр гъэзэщIа зэрыщыхьум; республикэм щыпсэухэм комиссэм зыкъыззэрыхуагъэза Iуэхугъуэхэм; политикэ лей зытехьэу эмыльку зытрахахэм абы хуэкIуэр иратыжыным; комиссэм кьищтауэ щыта унафэхэр зэрагъэзэщIам.

ЯПЭ IуэХУМ теухауэ зэIущIэм кьыщыпсэльащ комиссэм хэт Ябгъжьыкьуэ Хьэбас. Ар уэчылхэм я палатэм и унафэщIщ, СИЗО №1-р кьэзыпщыта комиссэм и лэжьакIуэ гупым и Iэтащхьэуи щытащ.

Абы зэрыжиIамкIэ, къэпщытэныгъэхэр щекIуэкIа лъэхъэнэм а Iуэхущ1апIэм щагъащ щыхуэ 91-рэ: бзылъхугъэ 31-мрэ ныбжьыщIэхэмрэ щхьэхуэщ. Закончэм къыззрагъэувым ткIийуэ тету СИЗО-р мэлажьэ икIи абы исхэм я хуитыныгъэхэр сыт и лъэныкьуэкIи кьальытэ.

Апхуэдэ къэпщытэныгъэхэр комиссэм щIэх-щIэхыуэрэ ирегъэкIуэкI. Аращ Ябгъэжьыкьуэ Хьэбас Iэмал къезытар СИЗО-р илъэс зыбжанэ и пэкIэ зыхуэдамрэ иджы зэрыт щытыкIэмрэ зэригъэпщэну. Уэчылхэм я палатэм и унафэщым кьыхигъэщащ а Iуэхущ1апIэр куэдкIэ зэрефIэкIуар. Пэшхэр зэрызэрахьам кьыщымынэу, куэдым яIащ телевизорэхэри щIылалъхэри икIи апхуэдэ хьэпшып кьыззрыгъэкIэкIэ пэш псори кьыззгъэпэщыным пыщIа лэжьыпхъэхэр йокIуэкI.

Комиссэр арэзы теухуауи къэпщытэныгъэхэр езыгъэкIуэкIа гупым зэфIиха лэжьыгъэм. Унафэ кьащтащ СИЗО №1-р ерыскьыхэкI зэмылIэужьыгъуэкIэ кьыззгъэпэщыным теухуауэ жэрдэм зыбжанэ КъБР-м и Правительствэм кьыщыхалъхьэну.

КьищынэмыщIауэ, зэIущIэм унафэ кьащащ-тащ политикэ лей зытехьэу залымыгъэкIэ Кьыргъызым ирашауэ щыта, иджы хэкум къэзыгъэззэжа унагъуэ зыбжанэм щIапIэ яхуэхьным, мылькукIэ ядэIэпыкъуным теухуауэ. Къэзыгъэззэкаэм яхэтщ адыгэ унагъуэтIи.

ГЪУЩIО Зарифэ.

● Гу зылъытапхъэ

IулъхьэйобэН

Iулъхьэ зэрызэIэпахым, коррупцим пыщIа Iуэхуэр зэрадэжьым е ялэжьыну зэрызагъэзхьэзыным теуху хъыбархэм фыщIыгъуэзэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щыIэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкIэ.

● Тхылъыщ1Iэ

«ПсыIэрышэ»

Аращ фIищар Щоджэн Леонид и сабий усэхэр щызэхэзыхьэсауэ «Тетраграф» ООО-м къыщыдэкIа тхылъым.

ЛЕОНИД щIэджьыкIаIуэ щыкIуэхэр усэбзэкIэщегъэгъуазэ ди лъахэ дахэр къэкIыгъэхэмкIэ зэрыкъуэлейм, гъэм и зэманхэм, къэхъукъащIэхэм, сабиигъуэм и Iэфiагъым, псэущхьэхэм, къуэлбзэхэм, джад - къаззхэм, къэкIэкхъуэкIэхэм я теплъэм, нэгъуэщIхэми. Усэхэм еджэ щыкIуэм я къэухьым зэрызригъэужьыным къыдэкIуэу, я анэдэлъхубзэр нэхъыфIу ящIэнымкIэ сэбэн хьунущ мы тхылъыр. Нэхъыщхьэраци, Леонид и усэхэр псалъэ лейхэмкIэ кудакъым, сабиир абыхэм еджэнри игу ирибыдэнуи кьытехьэлъэнукъым.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Щ1ыхьыбарт1эр

Зэхуэдэкъым

Украинэм газу кьищхэум и Iыхьэ щанэр Европэм и къэралхэм щызыIэрригъэхьну и мурадщ. «Нафтогаз»-м и Iэтащхьэ Бакулин Евгений зэрыжиIамкIэ, ар кубометр меларди 10 мэхъу. А Iуэхум теухуауэ Киев мы лъэхъэнэм йопсальэ Словакием, Румынием, Тыркум. Мэремым Еврокомиссэм Украинэр кьыгъэгугъащ нэхъ пуду газыр кьрищну. КъызэрыщIэкIымкIэ, нобэ гъащIэ Евросоюзым зы кубометр минымкIэ зыуэсу доллар 30-40-кIэ щыпхъэ пуди «Нафтогаз»-мрэ «Газпром»-мрэ я Зэгурыlуэныгъэм кьыщыгъэлъэгъуа уасэхэм нэхъри.

А зэпсалъэ къэралищым языхэзыи Украинэм гъэкъэ кьыщицэуну я мурадщ а гъэсныпхъэм хуэдэу кубометр меларди 2-м щыщIэдзауэ меларди 3,5-м нэс. А зэпсэльныгъэхэм Киев хуэхIауэ, Урысейм и деж кьыщицэну газыр нэхъ пуду кьриткьи щымыдэм.

Iуэхум Iуэгъуэну хэльыр зыщ: зи гугъу тщIы къэралхэм псоми газыр кьыщащэхур Урысейм и дежщ, ауэ, зэрыштlагъуи, абыхэм уасэу щIатыр зэхуэдэкIым.

Ар хуидэнукъым

Боливием и президент Моралес Эво вэсэмахуэ ткIийуэ жиIащ и къэралкIуэдI Iуэхухэм кьыхьIэжи щымыхэтмэ, США-м и дипломатиеI Iуэхущ1апIэу Ла-Пас щыIэр зэрыззхуищIынур.

- Псоми зэхахьу жызоIэ: США-м и посольствэр нобэ зэран къызэрытхуэхъум хуэдэу идкьыри зэ ди Iуэху къыхэIэбжжмэ, ар зэхуэтщIмэ нэхъыфIэ зэрыхъунур. ИкIи а Iуэхур злжжьыным сэ зы мэскъалкIи сыщышыснэнукъым, сыту жыпIэмэ, дэ дыантнимпериалистщ, антикапиталистщ, антинеолибералщ, - жеIэ абы.

2006 гъэм а къэралым и президент кьудыкъум зэрыпэрыувэрэ, Моралес эхъкым и губжьыр США-м «зэрытрикъутар», Боливием и къэрал кIэщI Iуэхуэм ар къызэрыхэIэбэмкIэ игъэкъуаншэу. Уеблэмэ 2008 гъэм Америкэм и лЫкIуэу Ла-Пас щыIэр и хэку ихужри, США-ми ардыдэр кьрищIэжат. Мы гъэм и мазаем Моралес Эво правительствэм ейуэ щымыт Iуэхущ1апIэ зыбжанэ США-м зэрытелажьэмкIэ игъэкъуэншауэ щытащ.

Диныр яджынущ

Урысейм и щIыналъэ 77-м щаубыхуащ курыт щколхэм «Дин щIэнхабзэм» и идкьырей пэжэныгъэмрэ дерсыр 2012-2013 гъэхэм зэрыщрагъэдэжьну щIыкIэр.

УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ Назиенкэ Еленэ зэрыжиIэмкIэ, нобэкIэ а щIыналъэ 77-м я еджакIуэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ кьыхахащ а дерсым и Iыхьэхэм щыщу яджынур зыхуэлэр. Процент 41-м нэхъ къащтэ «киджырей гъэсэныгъэм и лъабжьэр» я бынхэм яджмэ. «Чыристэнхэм я дин щэнхабзэр» кьыхахащ процент 28,7-м. «Дунейм и дин нэхъыщхьэхэм я щэнхабзэхэм я тхыдэм» сабийхэр щыгъуазэ хуащIынущ адэ-анэхэм я процент 20,3-м. Ислъам динымрэ и щэнхабзэр процентиI 6,5-м кьыхахауэ ираащ. Буддэм, журтхэм я нудей диным хуеджэнхэр мащIэ дыдэщ.

НобэкIэ Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министерствэр нужь итщ тхьылъхэр, егъэджакIуэхэм кьагъэсэбэпынухэр кьыдэгъэкIыным, дерсыр езыгъэкIуэкIыну IэщIагъэлIхэм гъэхьзырыным.

- **ЩIым и дунейпсо махуэщ**
- **Астрологием и дунейпсо махуэщ**
- Туниси Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъэщ - 1956 гъэм къэралыгъуэ щхьэхуит хьауэ.
- Илъэс 75-рэ и пэкIэ СССР-м и ЦИК-м и Президиумым и унафэкIэ, Совет Союзым и къэрал гербыр (дамыгъэр) къащтащ.
- Илъэс 20 и пэкIэ ягъэуващ «Урысей Федерацым и Лыхьужь» щIэ лъапIэмрэ «Дыщэ Ватуу» медалымрэ.
- Илъэс 20 и пэкIэ дипломатие зэхущытыкIэхэр зэхуаIэ хьуащ Урысей Федерацэмрэ Къыргъызыстанрэ.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкIэ, нобэ Налшык мащIэу пшэ щытелъынущ, хуабэу махуэм градус 18-м, жэщым градуси 9-м нэс щыIэнущ.

Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 7-рэ дакъикьи 8-м, къуэлъэжынущ сыхьэт 19-рэ дакъикьэ 18-м.

Хьуам и псыIагъэр процент 28 - 74-м нэсынущ.

Планэмрэ щытыкIэхэмрэр
ГЪУЩIО Зарифэ.

Лъэпкъ Iуащигъэ:

ИбгъэкIыжа фыз умыуб.

● Дунейм и щIыхьыбарт1эр

Гъатхэсэм зыхуегъэхьэзыр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм еужьэркIыу зыхуегъэхьэзыр кьапэщыт гъатхэ губгъуэ лъжьыгъэхэм. Мы гъэм гъатхэсэр гектар мини 100-м щрагъэкIуэкIыну я мурадщ. Ар нэгъабэрейм еГъытауэ процент 25-кIэ нэхъыбэщ.***

РЕСПУБЛИКЭМ и хозяйствэхэм гъавэхэкIэхэр гектар 22,8-м трасэнущ. Нартыхэу жыIэр гектар мини 30-м нэблагъэм хагъэзагъэнущ, кIэртIофыр гектар мини 8-м щыхасэнущ.

Хабзэм тету

АДЫГЕЙ. ***Республикэм зыхуегъэхьэзыр адыгэ хабзэм тету гъэрэ щIыпэ щыхэхкI махуэу гъатхэпэм и 21-м ягъэтlапIэ Iтlъэсыщ1эм. Махуэшхуэ зэхьыхьэр республикэм и Iъэпкъ музеиуэ Мейкьуапэ дэтым и гупэм щыIэ утым деж щрагъэкIуэкIынущ.***

КЪЫЗЭГЪЭПЭЩIАКIУЭХЭМ зэрыжаIэмкIэ, илъэс зыбжанэ Iуэху адыгэ хабзэм тету ИлъэсыщIэр ягъэтlапIэ. Абы мы зэманым къэса Iуэрыlуатэм и нэщэнэ хэмахэр иIэжщ. Махуэшхуэм и купщIэ нэхъыщхьэр лъэпкъ щэнхабзэр, ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэм къадекIуэкI хабзэхэр хъуэмэырщ, абыхэм зегъэужьыныр, республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэгурыIуэныгъэр нэхъри гъэбыдэнырщ. Гъэрэ щыIэрэ щызэхэхьым зыхуэгъэхьэзырыным, ар егъэкIуэкIыным Адыгейм и лъэпкъ щэнхабзэ зэгухьэныгъэ псоми я лIыкIуэхэр хэтщ.

Сом мелард 25-м нэблагъэ хухех

Республикэм Курорт, туризм Iуэхуэмкlэ и министерствэм къызэрытыкIэ, Адыгейм и «Лагонаки» курортым сом мелард 25-м нэблагъэ трагъэкIуэдэнущ.

КУРОРТЫМ и теплъэмрэ ухуэныгъэхэр зыхуэдэнымрэ яубзыхурэ, Урысей Федерацэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм ягъэхьащ. Япэ ухуэныгъэхэр къыщIадзэн папщIэ сом меларди 5,8-рэ хуеннущ.

«ДэIэпыкъуэгъу псынщIэхэр»

АБХЪАЗ. ***Республикэм Хьэрыл Эмнатхэм къыщинэхуащ мединнэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэу къагъэсэбэпыну «Toyota» автомашинэу 10. Мыгувэу ахэр районхэм трагъэнэнущ.***

«ДЭIЭПЫКЪУЭГЪУ псынщIэхэр» автомашинэхэр Урысейм кьахунтIыпща мылькумкIэ кьащIэхуащ. Абыхэм щыщIэ дэтхэнэри СИЗ-м и доллар 45,100-рэ и уасэщ. Автомашинэхэр дизель гъэсныпхъэкIэ мэлажь икIи нэхъыфIхэм хабжэ. Ар сыт и лъэныкьуэкIи республикэм и гъэзугъэм хуокIуэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● ЗэIущIэхэр

ЕфIэкIуауэ къалъытэ

Иджыблагъэ зэхэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и деж граждан жылагъуэмрэ щыхуэм и хуитыныгъэхэмкIэ институтхэм зегъэужьыным хуэщхьэпэныкIэ щыIэ комиссэм и зэIущIэ. Абы щыхэплъащ Iуэхугъуи 4-м: «Следственнэ изолятор №1» федеральнэ Iуэхущ1апIэм щыхуэм и хунтыныгъэхэр гъэзэщIа зэрыщыхьум; республикэм щыпсэухэм комиссэм зыкъыззэрыхуагъэза Iуэхугъуэхэм; политикэ лей зытекIэу эмыльку зытрахахэм абы хуэкIуэр иратыжыным; комиссэм кьищтауэ щыта унафэхэр зэрагъэзэщIам.

ЯПЭ IуэХУМ теухауэ зэIущIэм къыщыпсэльащ комиссэм хэт Ябгъжьыкьуэ Хьэбас. Ар уэчылхэм я палатэм и унафэщIщ, СИЗО №1-р кьэзыпщыта комиссэм и лэжьакIуэ гупым и Iэтащхьэуи щытащ.

Абы зэрыжиIамкIэ, къэпщытэныгъэхэр щекIуэкIа лъэхъэнэм а Iуэхущ1апIэм щагъащ щыхуэ 91-рэ: бзылъхугъэ 31-мрэ ныбжьыщIэхэмрэ щхьэхуэщ. Закончэм къыззрагъэувым ткIийуэ тету СИЗО-р мэлажьэ икIи абы исхэм я хуитыныгъэхэр сыт и лъэныкьуэкIи кьальытэ.

Апхуэдэ къэпщытэныгъэхэр комиссэм щIэх-щIэхыуэрэ ирегъэкIуэкI. Аращ Ябгъэжьыкьуэ Хьэбас Iэмал къезытар СИЗО-р илъэс зыбжанэ и пэкIэ зыхуэдамрэ иджы зэрыт щытыкIэмрэ зэригъэпщэну. Уэчылхэм я палатэм и унафэщым кьыхигъэщащ а Iуэхущ1апIэр куэдкIэ зэрефIэкIуар. Пэшхэр зэрызэрахьам кьыщымынэу, куэдым яIащ телевизорэхэри щIылалъхэри икIи апхуэдэ хьэпшып кьыззрыгъэкIэкIэ пэш псори кьыззгъэпэщыным пыщIа лэжьыпхъэхэр йокIуэкI.

Комиссэр арэзы теухуауи къэпщытэныгъэхэр езыгъэкIуэкIа гупым зэфIиха лэжьыгъэм. Унафэ кьащтащ СИЗО №1-р ерыскьыхэкI зэмылIэужьыгъуэкIэ кьыззгъэпэщыным теухуауэ жэрдэм зыбжанэ КъБР-м и Правительствэм кьыщыхалъхьэну.

КьищынэмыщIауэ, зэIущIэм унафэ кьащащ-тащ политикэ лей зытехьэу залымыгъэкIэ Кьыргъызым ирашауэ щыта, иджы хэкум къэзыгъэззэжа унагъуэ зыбжанэм щIапIэ яхуэхьным, мылькукIэ ядэIэпыкъуным теухуауэ. Къэзыгъэззэкаэм яхэтщ адыгэ унагъуэтIи.

ГЪУЩIО Зарифэ.

● Гу зылъытапхъэ

IулъхьэйобэН

Iулъхьэ зэрызэIэпахым, коррупцим пыщIа Iуэхуэр зэрадэжьым е ялэжьыну зэрызагъэзхьэзыным теуху хъыбархэм фыщIыгъуэзэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щыIэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкIэ.

● Щ1ыхьыбарт1эр

Гъатхэсэм зыхуегъэхьэзыр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм еужьэркIыу зыхуегъэхьэзыр кьапэщыт гъатхэ губгъуэ лъжьыгъэхэм. Мы гъэм гъатхэсэр гектар мини 100-м щрагъэкIуэкIыну я мурадщ. Ар нэгъабэрейм еГъытауэ процент 25-кIэ нэхъыбэщ.***

РЕСПУБЛИКЭМ и хозяйствэхэм гъавэхэкIэхэр гектар 22,8-м трасэнущ. Нартыхэу жыIэр гектар мини 30-м нэблагъэм хагъэзагъэнущ, кIэртIофыр гектар мини 8-м щыхасэнущ.

Хабзэм тету

АДЫГЕЙ. ***Республикэм зыхуегъэхьэзыр адыгэ хабзэм тету гъэрэ щIыпэ щыхэхкI махуэу гъатхэпэм и 21-м ягъэтlапIэ Iтlъэсыщ1эм. Махуэшхуэ зэхьыхьэр республикэм и Iъэпкъ музеиуэ Мейкьуапэ дэтым и гупэм щыIэ утым деж щрагъэкIуэкIынущ.***

КЪЫЗЭГЪЭПЭЩIАКIУЭХЭМ зэрыжаIэмкIэ, илъэс зыбжанэ Iуэху адыгэ хабзэм тету ИлъэсыщIэр ягъэтlапIэ. Абы мы зэманым къэса Iуэрыlуатэм и нэщэнэ хэмахэр иIэжщ. Махуэшхуэм и купщIэ нэхъыщхьэр лъэпкъ щэнхабзэр, ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэм къадекIуэкI хабзэхэр хъуэмэырщ, абыхэм зегъэужьыныр, республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэгурыIуэныгъэр нэхъри гъэбыдэнырщ. Гъэрэ щыIэрэ щызэхэхьым зыхуэгъэхьэзырыным, ар егъэкIуэкIыным Адыгейм и лъэпкъ щэнхабзэ зэгухьэныгъэ псоми я лIыкIуэхэр хэтщ.

Сом мелард 25-м нэблагъэ хухех

Республикэм Курорт, туризм Iуэхуэмкlэ и министерствэм къызэрытыкIэ, Адыгейм и «Лагонаки» курортым сом мелард 25-м нэблагъэ трагъэкIуэдэнущ.

КУРОРТЫМ и теплъэмрэ ухуэныгъэхэр зыхуэдэнымрэ яубзыхурэ, Урысей Федерацэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм ягъэхьащ. Япэ ухуэныгъэхэр къыщIадзэн папщIэ сом меларди 5,8-рэ хуеннущ.

«ДэIэпыкъуэгъу псынщIэхэр»

АБХЪАЗ. ***Республикэм Хьэрыл Эмнатхэм къыщинэхуащ мединнэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэу къагъэсэбэпыну «Toyota» автомашинэу 10. Мыгувэу ахэр районхэм трагъэнэнущ.***

«ДЭIЭПЫКЪУЭГЪУ псынщIэхэр» автомашинэхэр Урысейм кьахунтIыпща мылькумкIэ кьащIэхуащ. Абыхэм щыщIэ дэтхэнэри СИЗ-м и доллар 45,100-рэ и уасэщ. Автомашинэхэр дизель гъэсныпхъэкIэ мэлажь икIи нэхъыфIхэм хабжэ. Ар сыт и лъэныкьуэкIи республикэм и гъэзугъэм хуокIуэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и языныкъуэ комитетхэм зэгъэзэжьынигъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат **Сумаев Ахъмэт Хьэрун и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Ухуэныгъэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкіэ и комитетым кьыхэгъэкІыжьын икіи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Спортымрэ туризмымкіэ и комитетым хэгъэхьэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат **Бабаев Хьусей Хьэмид и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Спортымрэ туризмымкіэ и унафэщІым и кьалэныр 2012 гъэм мазаем и 6-м щыщІэдзауэ щхьэщыхьан езым кьитха лъэІум ипкъ иткІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт кьыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕ́ЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2012 гъэм мазаем и 29-м
№1028-П-П

Кавказ Ищхьэрэ Парламент Ассоциацэм ЩІалэгъуалэм, туризмым, спортым я Іуэхухэмкіэ и комитетым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лІыкІуэу хагъэхьэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Кавказ Ищхьэрэ Парламент Ассоциацэм и Регламентым и 20 статьям ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Кавказ Ищхьэрэ Парламент Ассоциацэм ЩІалэгъуалэм, туризмым, спортым я Іуэхухэмкіэ и комитетым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лІыкІуэу хагъэхьэм **Сумаев Ахъмэт Хьэрун и къуэр.**

2. Кьэру имыІэжу къэпльытэн «Кавказ Ищхьэрэ Парламент Ассоциацэм ЩІалэгъуалэм, туризмым, спортым я Іуэхухэмкіэ и комитетым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лІыкІуэу хагъэхьэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2011 гъэм щэкІуэгъуэм и 29-м кьыдигъэкІа Унафэ №921-П-П-м.

3. Мы Унафэр Кавказ Ищхьэрэ Парламент Ассоциацэм хуеГъэхьын.

4. Мы Унафэм къару егъуэт кьыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕ́ЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2012 гъэм мазаем и 29-м
№1029-П-П

● ДифІ догъэлъапІэ

ЩІэныгъэр егъэнэхъапэ

Биологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБКъУ-м и биологие факультетым физиологиемкІэ и кафедрэм и унафэщІ Щауэ Мухьэмэд и ныбжьыр ильэс 70 иригъэщ.



МУХЬЭМЭД Зеикъуэ къуажэм кьыщалъхуащ, курыт еджапІэр абы кьыщиучащ. Ростов къалэм дэт университетым щІэныгъэхэр, 1964 гъэм ар кьиухащ, биолог, физиолог ІэщІагъэр иІэу. А гъэ дыдэм щІэтІысхьащ зыщеджа университетым кьыщыублъэуаха аспирантурэм биофизикэ щІэныгъэмкІэ и кьудамэм.

Мухьэмэд и еджэныгъэр кьыщэпиудащ Ростов дэт воениокматым: ар ракетэ-хьэрщ дзэхэм кьулыкъу щищІащ, ираджащ. Мыбдежьм зы Іуэхугъуэ хьэлэмэт игу кьегъэкІыж Мухьэмэд; зыхэхуа частым и учуэфиятыгъэ адыгэ щІалэ Дахъу Мухьэмэд, полковник-инженер адыгэр иІэу, кьагъэкІуат. Дауи, уи лъэпкъегъу, уи хэкуегъу и унафэ ущІэту кьулыкъур епхьэкІыныр дэрэжэгъуэ ин кьозыт Іуэхугъуэт. Щауэр зыхэта дзэм фІыуэ зыкьыщитъэлъэгъуащ, абы и унафэщІхэмрэ Правительствэмрэ кьабгъэдэкІыу фІыщІэ зыбжани кьыхухэгъэфэщащ.

Къулыкъу щІэныр иуха иужькІэ, Мухьэмэд фІыуэ ильагъу щІэныгъэм зритыжащ. Аспирантурэм кьиухри, биофизикэ щІэныгъэмкІэ кандидат диссертацэр 1971 гъэм пхитІэкІащ. ЩІагъэлІым иригъэкІуэкІа кьэхутэныгъэхэм мыхьэнэшхуэ яІэу кьальытащ еджагъэшхуэхэм, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, дуней псом япэу абы кьыщиГъэлъэгъуащ цІыху Іэпкъльапкъым нэхъ цІыкІу дыдэу хэт «клеткэ» жьхуаІэм и кІуэцІым хэзгуам кьыхихиу кислороду сыт хуэдиз зыщІифми.

ЩІэныгъэм зи гур хуэпабгъэ щІалэм и кьэхутэныгъэ зэжьыгъэкъэж абдежьым кьыщитъуэвыжьыкьым. СССР-м Узыншагъэр хъумэныжьІэ и министерствэм дохутырхэр щагъэхьэзыру щыта и Советым Щауэ Мухьэмэд щІэныгъэмкІэ егупуу зэлэжьа и диссертацэр икІи биологие щІэныгъэхэм я доктор цІэр кьыфІащащ. И докторскэ лэжьыгъэм Мухьэмэд япэу кьыщигъэльэгъуащ цІыху Іэпкъльапкъым нэхъ цІыкІу дыдэу хэт «клеткэ» жьхуаІэм и кІуэцІым хэзгуам кьыхихиу кислороду сыт хуэдиз зыщІифми.

ЩІэныгъэм зи гур хуэпабгъэ щІалэм и кьэхутэныгъэ зэжьыгъэкъэж абдежьым кьыщитъуэвыжьыкьым. СССР-м Узыншагъэр хъумэныжьІэ и министерствэм дохутырхэр щагъэхьэзыру щыта и Советым Щауэ Мухьэмэд щІэныгъэмкІэ егупуу зэлэжьа и диссертацэр цІэр иІэ биологие щІэныгъэхэм я доктор цІэр кьыфІащащ. И докторскэ лэжьыгъэм Мухьэмэд япэу кьыщигъэльэгъуащ цІыху Іэпкъльапкъым нэхъ цІыкІу дыдэу хэт «клеткэ» жьхуаІэм и кІуэцІым хэзгуам кьыхихиу кислороду сыт хуэдиз зыщІифми.

Мы зэманым ЩауэМ и гъэсэнхэр и гъусэу нейроныр зэрылажьэ квантовэ-механическэ хабзэхэр кууэу едж. Ахэр кьигъэсэбэпурэ, дохутырхэр зэрыІаэзэн Іэмал зыбжанэ кьигупсысащ. Псалъэм папщІэ, щхьэ куцІым кислород щыхуримыкъуэм дежь, глиюм, астроцитом (онкологие) узыфэхэр зэрагъэхъужьыным и Іэмалхэр кьигъэльэгъуащ. 2011 гъэм абы кьызэІуихащ щІэныгъэм щелэжь «Биофизика инфекционных технологий» лабораторэр.

И щІэныгъэрэ и зэфІэкІрэ химиГъахъуэу, ахэр ириныгъэфІакІуэу зы махуи лэжьакъым Мухьэмэд. ЩІэныгъэм теуху лэжьыгъэ 300-м щІигъу кьыдигъэкІащ. Хамэ къэралхэм Урысей Федерацэми щеКІуэкІа конференц зэмылІэужьыгъуэ кьэдым хэтащ, езым апхуэдэ зэхьхьэу тІу Налшык кьыщызэригъэпэщащ 1986, 1988 гъэхэм.

ЩІэныгъэм куууэ зэрыхэтым нэмыщІ, ЩауэМ Мухьэмэд и ерыскъыкІэ, ныбжьыр зэрыдилъхьэным яужь итщ. Ар я унафэщІу студент 200-м щІигъуэм диплом кьызэрахь щІэныгъэ лэжьыгъэ ириГъэщІащ, езым кьызэІуиха начучнэ школым щІэныгъэхэм я кандидату 14, доктору 2 щиГъэхьэзыращ.

Гупсысэ хуурэ пэжагъ нэскІэ зи псалъэжьхэр гъэнщІа адыгэм пасэм жиІэгъащ: «УзыгъэхъапІэри узыгъэпабгъэ щІалэм и кьэхутэныгъэ зэжьыгъэкъэж абдежьым кьыщитъуэвыжьыкьым. СССР-м Узыншагъэр хъумэныжьІэ и министерствэм дохутырхэр щагъэхьэзыру щыта и Советым Щауэ Мухьэмэд щІэныгъэмкІэ егупуу зэлэжьа и диссертацэр цІэр иІэ биологие щІэныгъэхэм я доктор цІэр кьыфІащащ. И докторскэ лэжьыгъэм Мухьэмэд япэу кьыщигъэльэгъуащ цІыху Іэпкъльапкъым нэхъ цІыкІу электричествэ кьыщилэжькІэ кислороду дащІэ тригъэкІуадэми.

Мы зэманым ЩауэМ и гъэсэнхэр и гъусэу нейроныр зэрылажьэ квантовэ-механическэ хабзэхэр куууэ едж. Ахэр кьигъэсэбэпурэ, дохутырхэр зэрыІаэзэн Іэмал зыбжанэ кьигупсысащ. Псалъэм папщІэ, щхьэ куцІым дежь, глиюм, астроцитом (онкологие) узыфэхэр зэрагъэхъужьыным и Іэмалхэр кьигъэльэгъуащ. 2011 гъэм абы кьызэІуихащ щІэныгъэм щелэжь «Биофизика инфекционных технологий» лабораторэр.

И щІэныгъэрэ и зэфІэкІрэ химиГъахъуэу, ахэр ириныгъэфІакІуэу зы махуи лэжьакъым Мухьэмэд. ЩІэныгъэм теуху лэжьыгъэ 300-м щІигъу кьыдигъэкІащ. Хамэ къэралхэм Урысей Федерацэми щеКІуэкІа конференц зэмылІэужьыгъуэ кьэдым хэтащ, езым апхуэдэ зэхьхьэу тІу Налшык кьыщызэригъэпэщащ 1986, 1988 гъэхэм.

ЩІэныгъэм куууэ зэрыхэтым нэмыщІ, ЩауэМ Мухьэмэд и ерыскъыкІэ, ныбжьыр зэрыдилъхьэным яужь итщ. Ар я унафэщІу студент 200-м щІигъуэм диплом кьызэрахь щІэныгъэ лэжьыгъэ ириГъэщІащ, езым кьызэІуихаи начучнэ школым щІэныгъэхэм я кандидату 14, доктору 2 щиГъэхьэзыращ.

Гупсысэ хуурэ пэжагъ нэскІэ зи псалъэжьхэр гъэнщІа адыгэм пасэм жиІэгъащ: «УзыгъэхъапІэри узыгъэпабгъэ щІалэм и кьэхутэныгъэ зэжьыгъэкъэж абдежьым кьыщитъуэвыжьыкьым. СССР-м Узыншагъэр хъумэныжьІэ и министерствэм дохутырхэр щагъэхьэзыру щыта и Советым Щауэ Мухьэмэд щІэныгъэмкІэ егупуу зэлэжьа и диссертацэр цІэр иІэ биологие щІэныгъэхэм я доктор цІэр кьыфІащащ. И докторскэ лэжьыгъэм Мухьэмэд япэу кьыщигъэльэгъуащ цІыху Іэпкъльапкъым нэхъ цІыкІу дыдэу хэт «клеткэ» жьхуаІэм и кІуэцІым хэзгуам кьыхихиу кислороду сыт хуэдиз зыщІифми.

Мы зэманым ЩауэМ и гъэсэнхэр и гъусэу нейроныр зэрылажьэ квантовэ-механическэ хабзэхэр куууэ едж. Ахэр кьигъэсэбэпурэ, дохутырхэр зэрыІаэзэн Іэмал зыбжанэ кьигупсысащ. Псалъэм папщІэ, щхьэ куцІым

Шапсыгъ Хьэсэн

Джэдгъэф Хьусен

БакІуу Хьанджэрий

Бищіо Борис

Хьыжьрокьуэ СультІан

● Си бзэ - си псэ, си дуней

ЗэІущІэр езыгъэкІуэкІа Шопарэ Аланрэ Зеущэ Алёнэрэ

ЗэІущІэм и президиумыр.

Си гъатхэ дыгъэ
кьуэмыхьэж,
Си гукьыдэж,
си гурыфІыгъуэ,
Дунейр уэрыншэм
ныбгъуэхьэшт,
УзиІэу зыми семыфІыгъуэ.
УзиІэу зыми семыжьи -
Абыкіи, си бзэ,
уэрщ си щапхъэр...

УзиІэу зыми семыфІыгъуэ, УзиІэу зыми семыиж

АДЫГЭ тхыбзэм и махуэм, Бемырзэ Мухьэдин и усэмкІэ кьыхэзІуахам, теуху зэІущІэр Іэтауэ щІалэгъуалэм Бахьсэн кьалэ щрагъэкІуэкІащ. Гъатхэм и ятІонэрэ дэт Щэнхабзэмкіэ унэмщІыхэуэсырт зэІущІэр егъэкІуэкІынымк жэрдэмщІакІуэ хуэхьуа щалэгъуалэр. Адыгэбзэм и пщІэр Іэтыным, лъэпкьыбзэр зыІурылъ дэтхэнэмри дахэу игъэшэрыуэным, абы зегъэужьыным теухуауэ псэльэну щІэныгъэлІэр, жылагъэ лэжьакІуэхэр, ельэджакІуэ Іэзэхэр кьрагъэблагъэти, еджакІуэхэр темыпІыІэжу пэпльэрт конференцым щидзэныным.

Адыгэбзэм и махуэр щаІэт а унэм и пэІущІэ пэшым щегъэувэжІат ди лъэпкъ прозаикхэм, усакІуэхэм, драматургхэм, публицистхэм я Іэдакъэщ1экІэхэр зэрыт тхылъхэр, пщащхэм я Іэтэ1эсагъэр наІуэ щаща, тхыпхъэщІыпхъэ зэмылІэужьыгъуэхэр зыхэт хьэпшыпхэр, шхыныгъэхэр, адыгэ унагъуэхэм кьыщагъэсэбэпу щыта Іэмэпсымэхэр,хэмэ, лъэпкым, бзэм теухуауэ зэхуахьэсахэр, нэгъуэщІхэри. Абыхэм кьэкІуахэр щагъэгъуаээрт курыт школым щІэс ныбжьыщІэхэм, щэч хэмылъуи, кьэІур гурэхэзыгъаахъуэ адыгэбзэ лъэщырт.

ЗэІущІэм кьрагъэблагъащ Бахьсэн кьалэ адміністрацэм и Іэтащхьэ **Хьэщпакь СультІан**, «Адыгэ псальэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Кьэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и ящэ кьуэдзэ **ХьэфІыщІэ Мухьэмэд**, Бахьсэн районым адміністрацэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэ **Кьаздэхъу Олег**, КъБР-м щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр **Хьыжьрокьуэ СультІан**, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и лэжьакІуэ **Алокьуэ Ритэ,** Бахьсэн кьалэ дэт 4-нэ курыт школым и унафэщІ **Багъэтыр Маринэ**, ДАХ-м и хэщІапІэу Налшык къалэ дэтым и унафэщІ **Мыкъуэкъуэ Арсен**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщакіуэ гупым бзэмкІэ и комитетым хэт **Ныбжьь Таисэ,** «Адыгэ унэ» тыкуэн-музейм и тхьэмадэ **ІутІыж Мэжид**, щІэныгъэлІэхэр, адыгэбзэр ипэкІэ гъэкІуэтэным зи гуащІэ хэзылъхьэ, районым ис нэхъыжьыфІхэр, егъэджакІуэхэр, еджапІэхэм я унафэщІхэр.

ЗэІущІэр ирагъэкІуэкІащ Бахьсэн ЩІалэгъуалэ адміністрацэм и унафэщІ **Шопарэ Аланрэ** Бахьсэн ЩІалэгъуалэ советым и Іэтащхьэ **Зеущэ Алёнэрэ.**

Кьызэхуэсахэм фІэхъус псальэкІэ захуигъэзащ **Хьэщпакь СультІан**. ИкІи кьыхигъэщащ гъатхэрэм и пэщІэдзэкІэ щалэгъуалэм Іуэху дахэ кьыхэзрахьэжьар, абы гэбзэм и пщІэр кьЭтыным, лъэпкъым и кьэру псори ирихьэлІэн хуейщ адыгэбзэр щыІэжу адыгэбзэрри щыІэнущ, адыгэр хабзэ щызекІуэ, адыгэбзэ щыІу унагъуэхэм фэ фхуэдэ щалэгъуалэ кьихъуэмэ, си фІэщ мэхъу ди адыгэбзэр зэрымылкІыщІынури, ди адыгэпсэр зэрыхэмыкІынури», - жиІащ СультІан.

Адэкіэ утыкум кьрагъэблагъэ **Хьыжьрокьуэ СультІан** жиІащ лъэпкъым и кьекуэжьыкІэм иригузавэу мы Іуэхур кьыхэзыгъэпэщар щалэгъуалэм зэрыщар и гущІэ. Бахьсэн кьалэм, районым щызэхэт щалэгъуалэ зэгуэхэныгъэхэр республикэ псом щапхъэ зэрыщахьэр, сыт хуэдэ Іуэхуми жьыджэру нужь зэрихьэр, зэфІэкІ хъарзынэ зэрэІэр кьыльытащ министрым икІи адыгэбзэр хъумэным дяпэкІи я гуащІэ хальхьэну, я кьежьапІэр ящымыгъупщэну щалэгъуалэр кьыхуриджащ.

- 1911 гъэм Истамбыл «Гъуаэз» лъэпкъ газетыр кьыщыдэкІыу щидзащ. Абы и редакторт Бахьсэн щыщ уэзщІакІуэ Щагъуэ Нурий, - жиІащ ХьэфІыщІэ Мухьэмэд. - Нурий адэжь щыналъэм кьитъэзэжри, «Адыгэ макъ» зыфІищащ Іэтащхьэ Бахьсэн кьыщыдигъэкІыу эзгъэпсэльэн. Ар кьежьапІэ хуэхьуащ сэ нобэ сыщылажьэ «Адыгэ псальэм».

ФІыщІэшхуэ фхуэщІ бахьсэндэсхэми мы Іуэхур кьежьэжьа щІалэгъуалэмэ. Адыгэ тхыбзэм и махуэр Кьэбэрдей-Балькъэрым зэрыщагъэльапІэрэ ильэс зыбжанэ хьуауэ аращ, ауэ нэхъ кьалэн мащІэ имыІэу КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм, «Адыгэ псальэ» газетым, Кьэбэрдей Адыгэ Хасэм ильэс 12 хьуауэ ирагъэкІуэкІ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэр. Ди гуапэ зэрыхъущи, ар Адыгейми, Кьэрэшей-Шэрджэсми, ди кьуэш балькьэрхэми, бзэр зэрыщымкІэ ІэмалыкІэ кьалъытауэ, кьыддаІыгъ.

- Дунейм бзэуэ миниХ тетщ, - пищащ адэкІэ ХьэфІыщІэм, - абыхэм ящыщу мазитІ кьэзы бзэ мэкІуэдыж. Мис а бжьыгъэ шынагъуэм ди анэдэлъхубзэр хэмыхуэн папщІэ, лъэпкъым и кьару псори ирихьэлІэн хуейщ адыгэбзэр хъумэным, зегъэужьыным. Абыкіэ щалэгъуалэр зэрыщыкуэгъуфІ зэрыхъунур нобэ ди нэгу щІэкІащ. Бзэр щыІэху лъэпкъри щыІэнущ, адыгэр щыІэху адыгэбзэри щыІэнущ.

ХьэфІыщІэ Мухьэмэд бысымхэм яхуишащ 2012 гъэм и лъэпкъ махуэгъэпсыр, и Іэдакъэщ1экІэхэр зэрыт «Хамэщ1ым вагъуэхэр щоужьых» тхылъыр, езы журналистым, публицистым, жылагъуэ лэжьакІуэм теухуауэ иджыблагъэ кьыдэкІа тхылъыр. Ахэр тыгъэ хуащІащ Бахьсэн ЩІалэгъуалэ адміністрацэм и советымрэ зэхэт, зэІущІэр кьыдэгъэпэщыным хэлІыфІыкьа ныбжьыщІэхэм.

Адэкіэ псалъэ зрата, Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкІэ Кьэбэрдей-Балькъэр институтым адыгэбзэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ, филологие щІэныгъэхэм я доктор **Бищіо Борис** жиІащ адыгэбзэр Іуху, кьыдэкІуэтей щІэблэм яІуры1ыкьу зэрымыкІуэдыжынур.

- Сыт хуэдэ мыхьэнэ игъэзащІэн хуей бзэм, ар дунейм тетын папщІэ? Абы щыхухэр ириэпсальэу, еджапІэхэм щреджэу, радиом, телевидеонэм щрипсальэу, газет, журнал, тхылъхэр кьридэкІыу щытын хуейщ, - кьыхихъэщащ Бищіом. - А псори идыкІуэ ди дИэш, ауэ бзэм нэхъри зегъэужьын папщІэ щыІэ хэкІыпІэхэр кьэгъэуэтын хуейщ. Мис ахэращ ди институтым щекІуэкІ лэжьыгъэхэр зыхуэгъэпсар. Ауэ институтым и мызакъуэу, ди республикэм анэдэлъхубзэм ильэс гулытэм нэхъри зригъэубгъуэ хуейуэ собж сэ. Ар къэралыбзэу кьалъыта щхьэкІэ, абы игъэзащІэн хуей кьалэнхэр, ди жагъуэ зэрыхъущи, гулытэнщэу кьонэ. Сэ щІалэгъуалэр кьыхуэзощэ адыгэбзэм пщІэ хуащІыну, нэхъыбзэр ирипсэльну!

Борис и псальэхэм кьыпищэу кьэпсэльащ профессор, ЩІДАА-м и академик **Бакіуу Хьанджэрий.** Адыгэбзэр кьыдэкІуэтей щхьэлэм яІуры1ыкьу папщІэ курыт школым зэрыщрагъэджьын хуей щыІкІэм, ар аргъэльбзэу кьагъэсэбэп хъун щхьэкІэ унафэщІхэм гу зыльытапхъэхэм, лъэпкъыбзэм и кьекуэ1ыкІыкІамрэ нобэ иІэ пщІэмрэ - ахэри нэгъуэщІ Іуэхугъуэ пыухыкІаэхри кьыхэщу куп щІафІэу кьэпсэльащ **Багъэтыр Маринэ.**

Іутіыж Мэжид кьыхегъеувІащ бзэм, лъэпкъ Іуэхум теухуауэ иІэ гуныкьуэгъуэхэм.

- Нобэ хуэдэ махуэхэр кьэдгъэсэбэпу, ди бзэм и щытыкІэм, ди хабзэм и зекІэм дыкІэлъыпІытыжын хуейщ, - жиІащ Мэжид. - Ди бзэр кьэралыбзэу жаІэ щхьэкІэ, ар тхылъымпІэм ит кьудейуэ аращ, армыхьуэ, ди республикэм нэгъэсауэ кьыщагъэсэбэпыркым. А Іуэхур и кІэм нэсу зэдгъэхъулІэн папщІэ кьалэ, кьуажэ уэрамхэм, ІуэхущапІэхэм я щхьэр адыгэбзэкІэ тетхауэ, ди лъэпкьэгъу псори адыгэбзэкІэ зэпсальэу, кьэралыбзэ ІуэхущапІэхэм ди анэдэлъхубзэкІэ Іуэху щыІэфІэбгъэкІыфу, щыхуэхэм Іуэхутхьэбзэ щыхуаІэхэм щІэтхэр адыгэбзэкІэ уепсэльа нэужь, адыгэбзэкІэ жэуап кьуатыжу щытын хуейщ. Зи бзэр зымыщІэ щыхум и лъэпкъым пщІэ хуимыщІу араш.

КьБКъУ-м адыгэбзэмкІэ и кьудамэм мы гъэм щІэтІысхьар мащІэщ жаІащ. Сыт щхьэкІэ? Кьуахмэ, лэжьапІэ яГъэтынукъыми араш, бзэм ирилажьэм и улахуэр зэрымащІэми тещІыхьащ. Апхуэдэ пщІэ фІэкІа кьэралым, республикэм щыхуимыщІкІэ, хэт ар ипэкІэ зыгъэкІуэтэнри, зыхьэмэнри? Апхуэдэ щыІтыкІэщ, ди жагъуэ зэры- хьущи, ди бзэм иджыпсту иІэр.

Сэ сыкьыщыхьуэ Тыркум адыгэбзэр зыщІэжу иджыпсту исыр ильэс 50 зи ныбжьхэращ, адыгэбзэкІэ псальэу ильэси 10 зи ныбжь зы сабии бгъуэтыныкъым. Ар ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм я деркІэ тхьэмыщкІагъэшхэущ. Зи анэдэлъхубзэкІэ псальэ- ну зыпаубыда, нэгъэущ1 лъэпкъхэм яхэсу кьэхъухэм дэри, лъахэм исхэр, щхьэ дарещхьын хуей? Ди бзэр хьумэ хьуну, зиужьыну дыхьуейм, псори дызэгъусэу делІэжьын хуейщ, абы щхьэкІэ щІалэгъуалэм я кьарури щхьэпэ хьунущ.

Бахьсэн Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Шапсыгъ Хьэсэн** псальэ щратым, кьыхихъэщащ бзэм зэрыхуэхьуагъэ псори ихьэкьулІэн папщІэ школхэм адыгэбзэр щегъэджыным хуэхуа схьэт бжьгъэр нэхъыбэ щыІн, район, кьалэ адміністрацэхэм адыгэбзэкІэ зэрыщІэкІ газет кьыщыдэкІыу зэтеублэн, «Адыгэ псальэ» республикэ газетыр дэтхэнэ адыгэ унагъуэми кьиухьэу щытын, псори кьыщежьэ унагъуэхэм адыгэбзэр щагъэщэрыуэн зэрыхуейр.

Абы и псальэхэм кьыпищэу кьэпсэльащ адыгэбзэмкІэ егъэджакІуэу ильэс куэдкІэ лэжьа, ХьэтІохъущыкьуей жылэм дэхэм пщІэ зыхуащІ нэхъыкьыфІ **Джэдгъэф Хьусен.**

- Куэдым жаІэ адыгэбзэр гугъуу, ар гугъу зыщІыр абы и дахагъыщ, - жиІащ Джэдгъэфым. - КьэхъукьащІэхэр дахэу кьыІэзэрытІуатэ псалъэхэр зэрыІэзэхэт хьэрфхэр нэхъыбэщи аращ гугъуу кьыщІальытэр. Адыгэбзэм хьэрф 59-рэ иІащ, урысыбзэр 33-рэ кьудейщ зэрыкьхър.

Унагъуэм ущримпсальэмэ, мы едгъэкІуэкІ псальэмакъыми, кьрахьэжьэ Іуэхухэми мыхьэнэшхуэ яІэнукъым. Сабийр ныбзэм щилым щегъэжьауэ, бзэм и макъыр зэхех, абы ипкъ иткІэ, адэ-анэм куэд елытащ кьыдэкІуэтей щІэблэм бзэр яГурыІыныжьмкІэ. Фэ, щІалэгъуалэм, фхуэгъэзэуэ жысІэну сыхуейщ: урысыбзэкІэ фыпсальэмэ фынэхъ Іущу, губгъэгъэу кьызэрыфІлытэр зыхьэжьи, адыгэбзэкІэ фызэпсальэ, ди лъэпкъыбзэм и гъащІэр кІыхь хъун щхьэкІэ.

Бахьсэн кьалэ дэт 4-нэ курыт школым и егъэджакІуэ, «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэм и ирилажьэм и улахуэр гупым хэт **Бырмамыт ФатІимэ** кьытеуВыІащ адыгэбзэм и Іуэхур зыІутын, и зыужьыныгъэм папщІэ щапхъэхэм егъэджакІуэр зэрепльым.

- Дэ ди лъэпкъыбзэм ильэс мин Іэджэ и ныбжьщ, - жиІащ Бырмамытым. - Нарт пшынальэхэмрэ пасэрей уэрэдыжьхэмрэ епльыгтэ, нобэрей ди анэдэлъхубзэ нэхъ гуащІэмащІэ зэрыхьуам гу лъымытэнкІэ ЗмаІ и1жьым. Ауэ ар дэтхэнэ лъэпкъыбзэми и нат1эщ: зэ зречрги зеужь, зэ щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм кьахэжьІу и льэр щІоху. Дэ щытыкІэ гугъу дыкьихутащ нобэ. Ар зи анэдэлъхубзэм и нэхъыбзэр ирипсальэркьым, ар зэрыгугъэдж щІыкІэр хъуркъым. Сыт щхьэкІэ? Псом япэрауэ, абы хухах сыхьэт бжьгъэхэм кІуэ пэтми кІэрах. ПэщІэдзэ еджапІэм щІэс сабийхэм апхуэдэ сыхьэт бжьгъэ мащІэкІэ адыгэбзэр нэсу пхуегъэщІэнукъым. ПэщІэдзэ классым щамыджа бзэр иужькІэ сабийм щэрыуэ ебгъэщІэфынкІэ Іэмал иІэкъым. Мис ар и щхьэусыгъуэщ сабийхэр я анэдэлъхубзэм пэІущІэ зэрыхуэхьум. Абы кьинэмыщІауэ, мыхьэмыщІагъэщ адыгэ унагъуэхэм адыгэбзэр кьыІэзэрыщамыгъэсэбэпыжьыр. Куэд щыІэу пІэрэ адыгэ журнал, газет Іэ тращІэу, тхылъ кьащхьэуу? ЕгъэджакІуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ зэдэзэгъэзащІэ гъэсэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ кьыІэзащІаубыдэ Іуэхугъ ехъулІэныгъэ кьоэзытынур.

Бзэм езым зыхуэхьумэжьыкъым, ар зи кьалэныр, зыхуэзэфІэкІынур Тхьэшхуэм ар зыІурилъхьа лъэпкъым и цІыхухэрщ. Республикэм и унафэщІхэм я деж кьыщыщІидзэн хуейщ а кьэрэ-кьэрэ адыгэбзэкІэ егъэкІуэкІын хуейщ. Ди бзэр кьэралыбзэу щыщІитІ, адыгэбзэм и Іуэхум, и зыужьыныгъэм елэжь гуп Кьэбэрдей-Балькъэрым и Іэтащхьэм дежь сыт щыгъуи щылажьэу щытамэ, хуабжьу сэбэпынагъ-гъэфым. - КьэхъукьащІэхэр дахэу кьыІэзэрытІуатэ псалъэхэр зэрыІэзэхэт, ящІыжьи кьэс кьэткІуа гъэсэуанэм дригъэшу демытІысхьэу, дывгъабжьу, дывгъэлажьэ, анэдэлъхубзэмрэ адыгэ хабзэмрэ я кьэкІуэнур дывгъэубзыху! Адыгэгу зыкІуэцІылъ дэтхэнэми абы папщІэ хуэзэфІэкІыр ищІэн хуейщ.

Апхуэдэу зэІущІэм кьыщыпсэльащ Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкІэ Кьэбэрдей-Балькъэр кьэралинститутым и щІэныгъэлІ **Уэщро Рубен**, КъБКъУ-м и егъэджакІуэ **Езауэ Мадинэ** сыиэ.

ЗэІущІэм зи гугъу щащІахэм якІэ иткІэ, Бахьсэн ЩІалэгъуалэ адміністрацэмрэ Бахьсэн �щІалэгъуалэ совет тымрэ зэхэлъхьа резолюцэм кьеджа нэужь, зэІущІэм хэтахэм Іэ яІэтащ адыгэ зэрытехъуам и щыхьэту.

Адыгэ тхыбзэм и махуэм бахьсэндэсхэм трауха зэхуэсыр ягъэщэащ республикэ гъуэджэм и лэжьакІуэ щІэрыІуэхэу Батыр Мухьэдин, Ташло Алий, Кьрым Иринэ, Зеущэ Іэуес, Даур Иринэ, уэрэдыжьхэр зэрепльым.

ЗэІущІэм щІалэгъуалэ совет тымрэ зэхэлъхьа резолюцэм кьеджа нэужь, зэІущІэм хэтахэм Іэ яІэтащ абы арэзы зэрытехъуам и щыхьэту.

Адыгэ тхыбзэм и махуэм бахьсэндэсхэм трауха зэхуэсыр ягъэщэащ республикэ гъуэджэм и лэжьакІуэ щІэрыІуэхэу Батыр Мухьэдин, Ташло Алий, Кьрым Иринэ, Зеущэ Іэуес, Даур Иринэ, уэрэдыжьхэр зэрепльым.

ЗэІущІэм щІалэгъуалэ совет тымрэ зэхэлъхьа резолюцэм кьеджа нэужь, зэІущІэм хэтахэм Іэ яІэтащ абы арэзы зэрытехъуам и щыхьэту.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ**
трихащ.

Гъэлъэгъуэныгъэр кьыщыдзэрагъэпэща пэшым.

ЗэІущІэм кьрихьэлІахэр.

«Гъуазэ» газетым тета тхыгъэхэм ящыщхэр

Мы дгъэхьэзыра тхыгъэхэм я нэхьыбэр «Гъуазэм» адыгэбзэкIэ (къэбардеибзэкIэ) зыкIэтхагъэ зыгъэпыбгъэкIэ кьыгтехуахэр зыгъэгъэльагъуэ. Ялэ тхыгъэмрэ («Іуэху мыублэм блэ хэсщ») нужьрейрэ («Адыгэм ди кIуэдыжькIэр») нэмыщI, адрейхэр иджырей тхыбзэмкIэ кьизытхыкIар, къэрыпсэлъэкIэ тхахэр зэзыдзэкIар Ябгъэ Адбулиц.

Статьяхэм я щIагъ кьыщыхьа зыгъэнахуэ псальэхэр, («Адыгэм ди кIуэдыжькIэм» екьэлIа зы закъуэм нэмыщI), хуэзыщIар дэращ. Езы текстым хэту кьакIуэ зыгъэнахуэхэр хэзыгъэкIар Ябгъэхэр, абыхэм езым и цIэр («Аб.»-жи1э) нагъыщэ тришIати, зэрыщыту кьэдгъэнащ.

«Іуэху мыублэм блэ хэсщ» статьяр Ябгъэхэм кьыртхыIауи щыIэщ. ГъэкIэмыкIыу Іэбубэчыр кьызэреджамрэ абыгъэ мащIэу щызэщхьэщыкI кьыхохуэ. Абдул итхыжахэр нобэрей адыгэбзэм, гупсысэкIэм Іэмал имыIэу кьыртришэну пыльауэ кьыпфIощI. Іэбубэчыр и тхыкIэр (жьыIэкIэр) оригиналым, транслитерацэм и хабзэхэм нэхь пэгъынэгъущ. Аращ мыр кьыщIыхэтхар, «Гъуазэм» теуХуэ ди ятIэ тхыгъэхэм кьыщыдгъэсэбэнари мыбы щыщ пычыгъэузэрпц. Іэбубэчыр кьеджэурэ, сэ стхыжауэ щытащ 1971 гъэм.

«Гъуазэм» и адыгэбзэ текстхэу Ябгъэхэм кьыртхыкIахэм ящыщ зыгъэрыIуэгъэм кьыхаха усэхэр (пшыналъэхэр) зэкIэ тедгъэркьым. Ахэр псори сатыр 700-м нос, къэбэрдеибзэмкIэ яткьыжауэ зэтыр щыIэ. Іэбубэчыр кьеджэрэ, и адрей диалектхэмкIэ яусахэщ нэхьыбэр, Машинэрытхым и япэ экземплярыр Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и архивым хэлъыи хуейщи, зыджыну гукьыдэж зиIэм абы кьыщIигъэтынщ, зыгъэркIэ щимыгъэхт зыжьыкьуэм, дэ диIэ экземплярхэр еттыну дыхьэзырщ.

ЯкъэрыIуатэ поэзием и усэ гъэпсыкIэм текъэми, абыхэм зыкьомкIэ кьащхьэщокI «Гъуазэм» кьеджэхэм езыхэм ятхауэ я кьагъэхьа усэхэр. Абы и щапхъэу кьыхэтхащ Кьудеибэрдокьуэ Сэлихь и усэр. Шыхьм и гурыгъу-гурыщIэхэр поэзием и Іэмалхэмкlэ кьыIуэтэну иужь щихьэкIэр, ар зыгъэрым егъэгуфIэ е егъэхьащI. Мы усакIуэр зыгъэгуфIэр адыгэхэм езыхэм я газет, я бзэкIэ кьыдэжьыу, яIэ зэрыхъуэрыр, зыгъэхьащIар дрейт хэхэс интеллигентхэмэ я гукьеуэхэрщ, усэ теплъэ иIэу кьэлуэтауэ. Абы кьащхьэкIуэуи, мыбыкIи зэрыльагъущ хэхэс адыгэхэм «Гъуазэм» кьарит гуфIэгъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэ.

Тхыгъэм и щIагъым кьыщыгъэльэгъуар ар щатха махуэр арагъэнщ, кьыщытредза махуэмрэ зытета газет нобэрэ ящыщ наIуэкьым.

«Адыгэм ди кIуэдыжькIэр» статьяр транслитерацэ зыщIар Тхъэбисым Сэмихьщ. ХьэкIуащэ Андрейрэ Кьалмыкъ Аднанрэ кьыдагъэкIа «Щагъуэ Нурий. Тхыгъэхэр» тхылъым (Налшык, 1993) кьиттхыжащ.

Тхыгъэхэм укьыщеджжкIэ нэрылъагъущ зыгъэрэхэми редактор кьалэмкIэ тIэкIу етхъунщIэуэн зэрыхуеяр. Ауэ дэ а авторхэм я тхэкIэр, я псэльэкIэр, нобэрей ди жьыIэкIэм, тхэкIэм кьыщыщхьэщыкI кьэхъуми, зэрыщытту кьэдгъэнащ, щэныгъэнщэуэ дьдьонэ.

Іыхьэпщанэ сэджьытымрэ нэгъэущI хэхъуэхэмрэ еджапIэ кьыдэгъэпэщынымк, еджакIуэхэм ядэIэпыкъуныи тедгъэкIуадэмэ, нэхъыфI, хьэмэрэ ар диныр зи нэрыгъ ефэндыхэм яттмэ нэхъыфI? А ефэндыхэм жаIэращ: «Дэ фыкьыдэмыпIыу, вжетIэр фщIэ, ятIанэ мыпхуэдэ махуэм нэмэз пщIымэ е унэщIмэ, гуэныхъу пщIа псори кьыпхуогъу. Мухьэмэд бегъымбарым и цIэр щIэ жьыIэмэ, ар Кьемэт махуэм дэIэпыкъэгъу тыр ефэндыхэм яттмэ, псыхэкIуадэу кIуэду аращ.

Ди пщэдей кьэкIуэнум тещыхьауэ Іэмал имыIэу мы нужьрей упщIмэ яхэхъэ зэпкьырыхащ, ар Кьемэт махуэм дэIэпыкъэгъу щэныгъэнщэу укIэнэжьу.

...- Сэ си гупсэмкIэ, а сэджьытымрэ, ди бынхэр щэныгъэнщэу кьэтэджынущ.

ФАНЗИЙ Мажид,
къэбардей дин егъэджакIуэ, Болэтэй кьуажэм щыщI.
«Гъуазэ», 1911 гъэ, № 20.
Хьэрпыльбзэкlэ тхащ.

1. Мыбы екьэлIа гъэнэхэмыгъэхэр езы газетым теуХуа ди статьям хэту. Псальащхьэр апхуэдэущ зэрыхэзгъэдзэкIар тэрмэшым.

Хэкужьым ис адыгэхэ!

ЩIанэрейуэ блырэ «Гъуазэм» ирыредж.

Сэ зи упафэ сщIынур иджыри къэс фIэтеятIэу(4) кьыгIалъысам щапхъэ тедмыхьу, хэкум кьинауэ тхъэжу псэу ди унэкьуэщхэри зэрыдгъэбырсырыращ (5).

Нэхь ипэкIэ «Гъуазэм» зэриттхам хуэдэу (6), Жанокьуэ Пагуэ унагъуэ зыбжанэ кьыдихьэхыу мыбы кьэкIуэжьыным нужь итщ. Жанокьуэ Пагуэм Щам унэ щиIэщ, и щIалэ зи хьэмчъуэкIам хуригъэджэнущ. Зыхуей щIыгурэ кьыритыну кьигъэгугъащи апхуэдизэ тIэкIум дихьэхIэ зы жьыIагъэ игъэкIуэдыну Іуэху зэрыIуэ.

Жанокьуэм езым папщIэ мыбы кьэкIуэным зы фIагъэ хельагъуэри, сэ сыт жьыIэми Іуэху кьыщIэкIынкьым. Жанокьуэр мы Іуэхумкlэ щыуэрэ щыхьуэрэ Іуэмыщ1у и фIэщ хуэну сыгугъэкIынкьым. Жанокьуэ езым и щхьэфIагъэ папщIэ зы жьыIэ зэтрикьутэну, адыгэри адыгагъри игъэкIуэдыжьыну уеужьащ. Жанокьуэр мысмэ хейми зэ кьэнэхуэжьыщ, дуэ апщыгъуэ сыт и фIагъэжьи, сыт хэхъуэжьи мыгъуэ!

Жанокьуэр мыдэIуэнуми, абы кьыщIихьэхьанухэм мы гугъэ кьыдIэуэуащ, кьыттекIуэщ абы, зэгъэхуауэ диIари, ди Іэщ1агъэхэри, ди тхэкIэри Іэнрокьуэ егъэз тщIащ. Ди щхьэрхэри зэтекьутати дыуэхэсхьам, дрищхьэкIэм хэкум дыкьыкIатэкьым, дыкуэшатэкьыми, кIуэдыным дыкьелат.

ЕтIэнэрейащи, адыгэр дуней мкьыэрытехьэрэ зэрыс хэкужьым ипэу нэхь бий бладжьм едмыта пэтрэ, дызэхьхун кьыдэнькьуэкIуи щымыIэу, мащIэ - мащIэуэрэ дыкьокуэшыж, фIыщIэрэ гуапэрэ хэмылъу докIуэд.

Иджы мы Іуэху пэжжитIу тхэлъым языр тхэкIэ зэрыдимыIэжыр, ди бззмкIэ дызэремыдджэжрати, Алыхь Талэм и фIыщIкIэ ари дыублащI. Зы щIадыублакIэ гугъэкъым, «нэм фIэбэр Іэбзм еух» жьыхуаIэращи, ари, Тхьэм жиIэмэ, зыгуэрым хуэдэнщ.

Адрейри куэш зэпытращи, мыри дгъэувыIэжтэмэ, пасэрейм ихьэгъэ щхьэ щIыкIуэмэ, зэ жьыIэ дыхьэжьинт. Дызыбгъэдэт къэралхэмэ, нэгъэщIжьыIэхэм зэгуэр, дэрэ дыкьалъытэнт.

Хэкум дыкъикIрэ мыбы дыкъэкIуэжьыным «Хъэжрэткlэ» доджэ. Мы ди кьэкIуэкIэр «хъэжрэт» хъурэ мыхъурэ, псапэ хэльырэ хэмылърэ (3) и унафэ сщIынкьым. Ар зэхигъэкIыну зыфIэнгъуэр етIо-нэхьуа щIыпIэ мыгъуэхэращ. Ари фIэщ мыхьумэ, нэгъабэ Щам иэ кIуэу зыIэхъуэжахэр Кьиндэтей дэс Атэлыкъ Лъкьмэнрэ Мэмбэт Хьэмэрэ сымэщи абыхэм феупщI.

Мыхэри Аманм дэс я зыкьуэш гуэрым, хьарынэ фхуэсщIэнщ. Ауэ, ди Іэщ1агъэм кьивезгъэштщ - жиIэри кьишахэт. Хьэуэ, Щам уфIэкIрэ, мэзи, удзи, псыи зэдэщымыIэ щIыгуэ утыкъмэ, хэрыпл лъэкъуапIэм укъекIмэ, ажал къэмысу уIэну кьыщIэкIынкьым.

Щам ис адыгэ псомкIэ бийуэ диIэр лъэкъуапIэ уэхьшнуэ (хьэкIэхьэкIэуэ Іэуэ Ад.), щатырдэ кьэкIуэнум губгъуэм ит хьэрыпхэращи мыбы хэзм хьэрэм, хьэлэл, уэуей, сысей жьхуэпIэр ящIэркъым. ЯIэрыхьэр якъуэ, яIэрымыхьэр ядагъу, залымыгъэкIэ щыхьуэр. Тхъэрабгъэ, ягъэ щIыгу гурымрэ я щIэ кьудейр ящIэ мыхьумэ, диным хащIыкIи щыIэкъым.

Уалим фыкьакIуэ щIыжиIэр кьыштщIэхьэпсу, ПащIыгу дыдигъэкIыпу, «тэхъуэхуанэхэр» тхуригъэщIыну аркъым, кьалэн дигъэщIэнущ, дигъэпщIыпнущ.

Аращи, Жанокьуэр кьакIуэми, Іэнгорыкьуэ Тальостэн (8) хуэдэу, ГъэпщIа зэрыхьунум гуэрыщхьуэ хэлъкъым. И унэ дэтщи Жанокьуэр Щам кIуэщI дэзгъэнщ, ауэ абы щIыгуэ кьэкIуэн зигу хэль гупым, Щам адэкIэ махуэ зыбгъэуцIыпIэ жьыжь Іумыкlыу, унапIэ зэрамыгъэтыпэ я фIэщ ирехьу.

Ей! Жанокьуэ кьыдикI зыфIэнгъэ ди унэкьуэщхэ? Фы щIэнщ, хэтгъэгуфа щIыгу фIэщкъым, фыщыгъуазэкъым. Жанокьуэ жиIэ закъуэм зевмыгъэгъапIэ. Фыиуэ фемыгупсыс, ифырыкIуэу, ди унагъэр зэтефкьэтгъэр, фыкьеежьамэ, фхумыгъэгъабзэжьыщ тхъэмыщкIагъэ кьыфIыгъэсынщ. Зи мыхьумэ, Іэнэзорыкъуэм кьыдикIахэм щапхъэ тефхын уейщи. Итлъэ зыхьабзэ, ипэ Іэнэзорыкъуэ Тальостэн щIыгуэу адыгэ унагъуэ щиттху хэкужьым кьыщытэджхэзри, мы хэкум кьэкIуэжьыгъахэт. Мыр зэхэзмыха тхэгъэкIыщIкIэ кьыщIэкIынкьым. Ауэ абы хэмылIэжьыным, Іэнэзорыкъуэм я щхьэ кьыриIуэфейцIэгъэм, я нэхьыбэр кIуэдыкIейуэ зэрыкIуэдам, кьелъжа тIэкIри, зэпытIэ зэбгъэдэмысфу, дорэш-плIэрэш зыщIэ зэрыдэхуам гу гъэлъагъэ щIа гъэр тхэткьым. Тальостэн зы хьарзынэ ищIэ фIэщIу, илъэс зытI мы Іуэхум дэуIэущ (9), жьылэм я ахьшэ хьэшэр тыриГъэкIуадэщ абы, ирагъ мыгъуэ ящагъуэ ящIэ хуэ-я закъуэу кьынэжьи Тальостэн, бегъымбарми гуапэ ящыхьэкьым. КъэшыIэн хуейщ. Жанокьуэ зыкъэбмыгъэгъапIэ, фи фIэщ мыхьумэ, тхьмадэ заул кьэзыкIакIуэ. Фи щIалэхэм диныр яIэщIэкIыным фытетшыныхьмэ, а щынагъуэр мыбы фыкъакIуэ кьудейкIэ фищхьэщыкIынкьым. ЕджапIэхэр эIуфхрэ, фи щIалэхэр ящIэжьэкIэ ешъащIэжу кьыщывблэкIэ, дэнэ фыщымыIэми, диникI щынагъуэ фиIэжьым. Кубан адыгэхэр фIъаГурыкъэ? Фи щIалэхэр езыгъэщIэн, эзджэн тхылъри, фыхуеймэ, ягъэутынщ.

Дэнэ хэку дыпхъэ щымыIэу сыту тхъэмыщкIагъэ.

НУРИЙ.
«Гъуазэ», №31, мазаем и 22, 1912 гъэ

1. *Кьущхьэхэри* - осетинхэр арагъэнщ жьыхиIэр.
2. *Кьэсэуэ* - кьиикIэр гурыГъэгъэжьым, «кьасэ» пэнкьыщIэр е кьиэзрыдзджэ псальэр арагъэнкIэ хьунщ.
3. *Хьэжрэт* - мухьэжыр хьужырщ. «Псапэ хэльрэ хэмылърэ...э - мусльмэн щIыналъэм ильхан диным ит псори Іэпхьэуэм псапэщхъэ пылъу зэрагъэЗурщ зи гугъу ищIыр.
4. *Ябгъэтеуэу кьыгIалъысам* - мыхьэмыщIагъэу, пасымышIагъэу кьытщыщIам жьхуиГэщ.
5. *Зэрыдгъэбырысырыращ* - быръар - Іэуэльауэ, хьэжитхьажэ, зэрыдехьэ.
6. «Гъуазэм» тетауэ зи гугъу ищI тхыгъэхэр диГэкьым.
7. *Іэкlуэщ1 ищIынущ* - жьIэдаIуэ, тетхэм зыпщIамыгъэ ищIынущ.
8. *Іэнэзорыкъуэ Тальостэн* - зи гугъу ищIыр XX лIэщIыгъуэм и пщыIэдзэхэм истамбылаКIуэ гупыщхэу хэкум ихьишауэ щыта Анзор Тальостэнщ.
9. *Іуэхум дуэлэущ* - Іуэхум иужь итри.
10. *Балаз* - щIыпIэцIэщ.
11. *Тлуз Хьэмур* - Тель-Хамри щIыпIэр арагъэнущ. А цIэр иIэу адыгэ кьуажэ иджыри исщ Сирием.

Муслъымэн диным и унафэщI нэхъыщхьэ

УИ щхьэМ хуэфащэн сэлам уэтха нэужькIэ, дыночэнджэщынут, мы упщIэ ныпхуэстххэм зэприхьэтыр дауэ епIыни жэуап кьыдэпынуи дыноIэпынут.

1. Банкым теухуауэ. Динкlэ ди еджагъэшхуэхэр лъэныкьуитI хуауэ, ди Іэщ1агъэ ящIэ, ди кьунтыр КьурIэныи хьэрэм ищIауэ, пшхы мыхьуну, муслъымэн хэку банк ит мыхьуну. Адрейхэм апхуэдэ фенхуэр КьурIэныи ящIакьым, атIэ хьэлэщ1 икIи муслъымэн хэкуэхэм банк итын хуейщ, армырамэ, джаур лъэныкъэм ди мыгъэкуэ ящIынущ - жаIэ. А зэгурымыIэныгъэм ди хэкум банк щыдингъэхуэркъым.

2. Урыс лъэныкъым суит хужьфырэ? Урысхэр мажуджийхэ, ауэ Іа дымышхыну, япхъу кьэдмышIэну, хьэмэрэ тхылъ (динн) зиIэхэм ящыщхэ. Ди еджагъэшхуэхэр абыкIи зэгурыкъэхэркьым, абы и зэранкIэ ди бынхэр урысым я еджапIэшхуэхэм щедгъэджэну Іэмал дгъэуэрыкьым, щэныгъэншэуэ дьдьонэ.

3. Іыхьэпщанэ сэджьытымрэ нэгъэущI хэхъуэхэмрэ еджапIэ кьыдэгъэпэщынымк, еджакIуэхэм ядэIэпыкъуныи тедгъэкIуадэмэ, нэхьыфI, хьэмэрэ ар диныр зи нэрыгъ ефэндыхэм яттмэ нэхьыфI? А ефэндыхэм жаIэращ: «Дэ фыкьыдэмыпIыу, вжетIэр фщIэ, ятIанэ мыпхуэдэ махуэм нэмэз пщIымэ е унэщIмэ, гуэныхъу пщIа псори кьыпхуогъу. Мухьэмэд бегъымбарым и цIэр щIэ жьыIэмэ, ар Кьемэт махуэм дэIэпыкъэгъу тыр ефэндыхэм яттмэ, псыхэкIуадэу кIуэду аращ.

Ди пщэдей кьэкIуэнум тещыхьауэ Іэмал имыIэу мы нужьрей упщIмэ яхэхъэ зэпкьырыхащ, ар Кьемэт махуэм дэIэпыкъэгъу щэныгъэнщэу укIэнэжьу.

ФАНЗИЙ Мажид,
къэбардей дин егъэджакIуэ, Болэтэй кьуажэм щыщI.
«Гъуазэ», 1911 гъэ, № 20.
Хьэрпыльбзэкlэ тхащ.

1. Мыбы екьэлIа гъэнэхэмыгъэхэр езы газетым теуХуа ди статьям хэту. Псальащхьэр апхуэдэущ зэрыхэзгъэдзэкIар тэрмэшым.

«Гъуазэ», №1, 1911 гъэ, гъатхэпэм и 21

• Хэкужь хъыбархэр

ЩIы Іуэху

АДЫГЭ хэкур урысым ийбыдау гъэунаКъэхэр кьэтхэнэжащи, дзэкIуэн ятемыльу аращ. Нобэр кьыздэсым а Іуэху кьэлъэр ятемыльу тыхьэжу щхьэхуэ пэт, гъэкьакIуэ дзэ яхишын хуей хуэдэу хъыбар гуэр кьалъэIэсауэ зэхьдох. Зы гупми яГъакIуэмэ, я щIасэу, адрей гупым ямыГъакIуэмэ, нэхъ игъуэу яIытэ.

Іуэхур кьызыхэкIа, кьызэрежьа щIыкIэм дыщыгъуазэхьым, мы дызытепсэлъыхьыр пщIышищ, дауэ щытмикI, зымыгъэкIуэну хэр кьаикуэдэкIыу а Іуэхур яГъэтIылъыжауэ жаIэри, ар пэжмэ, ди гуапэщ.

Хэкужьым и хьыбару зэхэтращ, жьыз узыншэу, жьыз тхъэжхэу, езым я щхьэ хуэлажьэжхэу, хьэлъэ ятемыльу, ауэ я щIагъэр, адрей лъэныкъэм хуэдэу, тхэлъ, еджакIэ зэрамыIэращ, ариКI яублауэ зэхэтхащи, гъэ кьакIуэхэм, хагъахъэуурэ, кIуэтэнщ.

Дэ мы хэгъуэгуэм нахъ дыкьыхэзыгъащIэу кьыдэхъэлъэкIыр дзэкIуэн зэпымуужьхэращ. Дэ тхуэдэу ди деж ар щаублэмэ, кьэфтхъэнур фыухащ, лъэкьыгъу фиIэхэм зэранышхуэ кьаззэрыдзэкIэм хэтынур мыдыхьэхуэжкIи фымыгъуэтыжьыхэну щхьэхуитныгъэр мэкIуэд. Нобэр кьызыдэсым, дызытета хабзэм дыстелъ, дзэкIуэн дыублэфынукъым жьыфIэмэ, урысым кьытриГъэзэку, етIуанэу кьызыкIэнкъым, щIыкIэ жьыфIэмэ, игъащIэм щIыкIэ фызытетым и лейуэ урысыдзэм хэтынур мыхьымэнышъэм кьеЗэгъыкъым. Диным кьемыкIуи Іуэху зыхэлъ дзэкIуэнур фымыдэмэ, фызахуэщ... Фи диным имыдэри урысым кьызэрыфпимыубыдынури нахуэщ.

«Гъуазэ», №30, мазаем и 8, 1912 гъэ
Зытхам и цIэ щIэткъым.

ДзэкIуэн Іуэху

УРЫСЫМ хэкужьыр Іэщ1эхьами, адыгэхэм кьахуигъэнэжащи, дзэкIуэн ятемыльу аращ. Нобэр кьызыдэсым а Іуэху кьэлъэр ятемыльу тыхьэжу тыхьэжу пэт, гъэкьакIуэ дзэ яхишын хуей хуэдэу хъыбар гуэр кьаЗыIэсауэ зэхьдох. Зы гупми яГъакIуэмэ, я щIасэу, адрей гупым ямыГъакIуэмэ, нэхъ игъуэу яIытэ.

Іуэхур кьызыхэкIа, кьызэрежьа щIыкIэм дыщыгъуазэхьым, мы дызытепсэлъыхьыр пщIышищ, дауэ щытмикI, зымыгъэкIуэну хэр кьаикуэдэкIыу а Іуэхур яГъэтIылъыжауэ жаIэри, ар пэжмэ, ди гуапэщ.

Хэкужьым и хьыбару зэхэтращ, жьыз узыншэу, жьыз тхъэжхэу, езым я щхьэ хуэлажьэжхэу, хьэлъэ ятемыльу, ауэ я щIагъэр, адрей лъэныкъэм хуэдэу, тхэлъ, еджакIэ зэрамыIэращ, ариКI яублауэ зэхэтхащи, гъэ кьакIуэхэм, хагъахъэуурэ, кIуэтэнщ.

Ауэ мы хэгъуэгуэм нахъ дыкьыхэзыгъащIэу кьыдэхъэлъэкIыр дзэкIуэн зэпымуужьхэращ. Дэ тхуэдэу ди деж ар щаублэмэ, кьэфтхъэнур фыухащ, лъэкьыгъу фиIэхэм зэранышхуэ кьаззэрыдзэкIэм хэтынур мыхьымэнышъэм кьеЗэгъыкъым. Диным кьемыкIуи Іуэху зыхэлъ дзэкIуэнур фымыдэмэ, фызахуэщ... Фи диным имыдэри урысым кьызэрыфпимыубыдынури нахуэщ.

«Гъуазэ», №30, мазаем и 8, 1912 гъэ.
Зытхам и цIэр щIэткъым.

Жылэ хъыбар

ХЬЭНАСИР-кIэ еджэу Хьэлэб (Алеппо - Ад.) улаетым зы адыгэ кьуажэ исщ. Гъэ зытIущ лъапэрэ Хьэнасир гъаблэ щохъу. Арыншэми и щIыр лъэкьыгъэкIэ хъарзынэкъым... Гъэ хэсси мацIэр къокIуэри, я мэкъумэш тIэкIури фIегъэкIуэд. А кьуажэм щыщу нэрыбгибгъу гъаблэм игъэIаУ гъэзэтэхэм ятхащ. Хьэнасирыр Хьэлэбым жэщищ махуищкIэ пэжыжьэщ. Іэнэзорыкъуэ Тальостэн Щам докIуэ жиIэри, кьигъапцIэу хэкум кьиришыгъа адыгэ тхъэмыщкIэхэм ящыщу унагъуэ щэныкъуэ хуэдиз мэхъу. Хьэрпыл лъэкъуапцIэхэм яку дыда исхэщи я мэкъумэш тIэкIур загъуэрэ мацIэм, загъуэрэ хьэрпылым яхьыж. Жанокьуэ Пагуэ кьизытщIэну зи ужь иттхэм я щхьэ кьрииIуэнур мыпхуэдэ кьабзэщ.

«Гъуазэ», №31, мазаем и 22, 1912 гъэ.
Зытхам и цIэр щIэткъым.

ТIэкIу дыкъэушын хуейщ

МЭБХЪУСКIЭ(1) зэджа жьыла лIыкIуэхэр я пIалъэ къэмыс щIыкIэ зэрызэбгрыкIыжар зэхэфха хьунщ (2).

Иджы абыхэм я пIэкIэ лIыкIуэ щIэрыщIэ хэтхынурэ дгъэкIуэнущ. Дызыхэс жьлэ зыщIамыщхэм, щхьэж ешыж щыщ лIыкIуэ кьызэрищIым хуэдэу, дэри щхьэхуэу, унеиуэ, адыгэ лIыкIуэ диIэн хуейуэ пIэрэ, хуэмеиуэ пIэрэ? Абы тIэкIу сырипсэлъэнут. Жьлэ лIыкIуэхэм ялъэкIыр сыт? Ар тщIэн хуейщ. Жьлэ лIыкIуэр кьанун (закон - Ад.) ухуэщ, хабзэхуэщ. Кьанунууэ ящхуэм тету хьукуумэтым (кьэралым - Ад.) Іуэху ещIэ. Жьлэм кьалэну трильхьэнур а кьануным жиIэращ, гъэузу, мафIэгу, мэктэф (еджапIэ - Ад.) хуэдэу. ЦIыщIагъэу диIэ псори абыхэм зэрызэрагъэзэхуэфым тету хьукуумэтым игъэзэщIэнущ.

Араущи, ди лIыкIуэхэр кьанункIэ Іэзэу, захуэу, щэныкIэу, жану щытым хуейщ. Мыпхуэдэу щытыну лIыр жьлэ псом зэдзырадзуэу кьанун уухэм кьудейм папщIэ хьунущ. АрщхьэкIэ жьлэ псом зэдзырадзуэхэм зэмыщIу, щхьэж и жьлэм и щыщIагъэхэу зыхуэзыкIуэ Іуэху куэд щыIэщ. Зы унагъуэр зыхуэзыкIуэхэр, зы хамэ нэхъри а унагъуэм щыщ зыми нэхъыфIу зэрищIэн хуэдиз, зы жьлэр нэхъ зыхуэныкъуэхэри нэхъыфIу зыщIэнэр, псэмкIэ нэхъ иужь итыну р а жьлэм хэкI лIыкIуэращ. Хамэр сыт хуэдизкIэ фIыми, жаими, дэ дгну кьеуэр, ди щыщIагъэр, димыIэу мыхьуну дызыхуэныкъуэхэр илъагъунукъым. Илъагъупэми, игъэзэщIэну гукIэ, псэмкIэ иужь итынукъым. Мыр ауэ псалъэ кьудейкъым. Мы блэкIа гъащIэм ящIэ-гъэIуплъ дгъэзэнхуэ Іуэхущ. Мыр тхэзэгъащIэ жьыхэтIа ильэпкъыр ягурыдгъэIэтэн тлъэкIакъым...

КьынейтIрэ адыгэхэм ящыщ зы кьуажэ я щыгу Іуэху папщIэ Щам (Дамаск - Ад.) кьиикIа лIыкIуэхэм ящыщ зыгуэрым дыщелъэIуэм, «Абы си Іуэху хэлъхьэм, сэ КьынейтIрэ адыгэхэм сыкъэгъэкIуакъым», - жиIэри, жэуап кьитащ. Ауи кьытхузэплъэкIакъым.

НэгъэущI Іуэхукlэ дызэпсэлъэуа илъэпкъымри ди псальэр ягурыуакъым. АрнаIут (Албан - Ад.) лIыкIуэхэр ижь ихьэри, я хэгъэгум мэктэф куэд щызэIуагъэхащ. Гъуэгуэгэр ирагъэщIащ. Арнаутхэм нэгъабэ бунт щащIам щыгъуэ хьэпсым щIадзахэм и ныкъуэр кьэщIашьжащ. Адрейхэм я тезырхэр нэхъ пэнщIэ ирагъэщIащ... Хьэрэн (3) лIыкIуэри ГъэзагI, мэктэф, мыдрисэ Іуэху и фIэщу ижь зэритар гъэзетхэм ифлъэгъуауэ кьыщIэкIынщ. Адрей жьлэ псом я лIыкIуэхэми зэральэкIкIэ Іуэху Іэджи зэфIагъэкIащ...

Узнейлэ адыгэхэр пщылI Іуэху папщIэкIэ (4) сыт хуэдизкIэ лъэIуахэми, тхъэусыхахэми, зыри хагъэхъуэн ялъэкIакъым. Илъэсищрэ ныкъуэкIэ хьукуумэт бжэIум кIуэ, зыкIуэжу Іуэтхэри тхьэмыщIкIагъэу ятелъыр, гузэвэгъуэу зыхэтхэр илъагъунэ пэт, гущIэгъу яхуищIу я Іуэху тIэкIу игъэзэщIакъым. Мыпхуэдэ Іуэхуэхмкlэ зи псалъэ пхыкIыр лIыкIуэхэращ. Узнейлэхэм емыгугъу благъэкIэ я Іуэху зэрызэфIэмыкIынур я фIэщ хъуи хуейщ. Ды мыхъуми илъэпкъэ трахьн хуейщ...

Дэ зэрызэхэтхымкIэ, Сиуас (5) ис адыгэхэм я фIэщ ирахьэлIэмэ, зы щыгъэтауэ, лIыкIуитIи хадзын ялъэкIыну кьару яIэщ. Аращи, дэри адрей жьлэхэм ящыщ зы гугъу ищIэну, ди псалъэ гурыIуэну лIыкIуэ зыбжанэ хэтхын хуейщ... Мы хэгъуэгум и адыгэхэр зэпэжьжьэу, тIэкIу -тIэкIуу щысхэщи, фIырыфIкIэ лIыкIуэ хахьи ялъэкIынукъым. (Арыншэми, Іуэху пхэнжу тщIахэм яяри ипхыIыхьауэ дыдэзэрытыжащ...

Ауэ щытми, Сиуас, Сурия, КьастIэмони (Дузджэ) хуэдэу, нэхъ Іувыlуэу дызэрыс улаетхэмкIэ (область - Ад.) дызэгурыIуэмэ, лIыкIуэ зырыз кьэдгъэкIуэн тлъэкIынущ. Ауэ ди фIэщ етхьэлIэу, ди псалъэр зыуэ ижь дитын хуейщ... Мыпхуэдэ жьлэ Іуэхукlэ ныкъуакъэр хэдэн хуейщ. И фIэщ ирихьэлIэу, псэкIэ ди Іуэхум еплъынур, лъэкI зиIэр, лъэпкъ зэхэдз, Іыхьэхэдз дымышIу хэтхын хуейщ.

Дызэрыжейлэр ирикъунщ. Дуней псор дыкьалъытэрми, ди жьлагъуэхэр тлъагъурхэз... TIэкIу дыкьэзгъэушмэ, сыт хъун!

ЦIАГЪУЭ Нурий.
«Гъуазэ», №29, щIыщылъэм и 25, 1912 гъэ.
Хьэрпыльбзэкlэ тхащ.

1. *Мэбхъус* (Мэджлис) - Тырку (Оттоман) парламентырщ зи гугъу ищIыр.
2. 1911 гъэм и ноябрым екIуэкIа парламент хэхыныгъэхэм «Либералхэм» ящыщ зэрыкIуэр ягу темыхуэу, младотуркхэм парламентыр зэбграуГыпщыкIыжьат. ХэхыныгъэщIэхэр 1912 гъэм и пэм яхьат. А зэманыщ тхыгъэм кьигъэльэгъуэжьр.
3. *Хьэрэн* - кьалэцIэщ.
4. *Узнейлэ* - Тырким щыщ щIыналъэщ. Мы пычыгъэр зытеуХуар гурыIуэгъэ хьунущ.
5. *Сиуас* - Сивас, кьалэцIэщ.

Истамбыл дэт Хьымэдие мэжджытыщ.

1. *Кьущхьэхэри* - осетинхэр арагъэнщ жьыхиIэр.
2. *Кьэсэуэ* - кьиикIэр гурыГъэгъэжьым, «кьасэ» пэнкьыщIэр е кьиэзрыдзджэ псальэр арагъэнкIэ хьунщ.
3. *Хьэжрэт* - мухьэжыр хьужырщ. «Псапэ хэльрэ хэмылърэ...э - мусльмэн щIыналъэм ильхан диным ит псори Іэпхьэуэм псапэщхъэ пылъу зэрагъэЗурщ зи гугъу ищIыр.
4. *Ябгъэтеуэу кьыгIалъысам* - мыхьэмыщIагъэу, пасымышIагъэу кьытщыщIам жьхуиГэщ.
5. *Зэрыдгъэбырысырыращ* - быръар - Іэуэльауэ, хьэжитхьажэ, зэрыдехьэ.
6. «Гъуазэм» тетауэ зи гугъу ищI тхыгъэхэр диГэкьым.
7. *Іэкlуэщ1 ищIынущ* - жьIэдаIуэ, тетхэм зыпщIамыгъэ ищIынущ.
8. *Іэнэзорыкъуэ Тальостэн* - зи гугъу ищIыр XX лIэщIыгъуэм и пщIэдзэхэм истамбылаКIуэ гупыщхэу хэкум ияшишауэ щыта Анзор Тальостэнщ.
9. *Іуэхум дуэлэущ* - Іуэхум иужь итри.
10. *Балаз* - щIыпIэцIэщ.
11. *Тлуз Хьэмур* - Тель-Хамри щIыпIэр арагъэнущ. А цIэр иIэу адыгэ кьуажэ иджыри исщ Сирием.

● Гъэсэгу къежьапIэ

Псори дяпэкIэщ

Хьэхъупащ Iэ ФатIимэ

Лъэпкъ театр гъуэзджэм хэлъхьэныгъэ хуищIыну узыгъэгугъэш артистхэ ныбжьыщIэ ХьэхъупащIэ ФатIимэ. Абы щыхьэт тохьуэ ар зыхэта спектаклхэр.

ГЪУАЗДЖЭХЭМКIЭ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтыр ящыщу зы дерсыр сигу къымина, зи Iэхъу бгъэдыхьэкIэр гунэс сщымыхъуа яхэткъым, - кьыддогушэ ФатIимэ. - Тамарэ ди гъэсакIуэу щыта щхьэкIэ, диплом лэжьыгъуэ спектаклищ диIати, ахэр Мирзой СультIан (Мольер Жан. «ЗалымыгъэкIэ ягъэIэза»), Кьубатий Мухьэмэд (Шальтянис Юнус. «Лъагъуныгъэ мафIэм хисха»), Шыбзыхъуэ Басир (Эдуардо де Филиппо. «Рождество в доме Купьелло») сымэ кьыддагъэуват. А режиссерхэм я Iэхъу епIыкIэ щхьэхуэ яIэкIэ, я IэмалхэмкIэ кьуелейри, дэтхэнэ зыми куэд къэтхилъхьащ, образым зэрелэжьыныхьэм, утыку итыкIэм теухуауэ. ЖыпIэнурамэ, хэт дежи си псэр, си гур щытыншырт.

Институтым щIэсыху спектакль зыбжанэм ирагъэблагъэрэ хэтащ ФатIимэ, роль мыинкэр щигъэзащIэу. Щоджэнщ Iыку Алий и щIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым зэрыщылажьэ зэман кIэщIым кьриубыдэу, ар спектакли 4-м хэтащ, мыгувэу утыку. Сценэм, Тамарэ, Том Робер и тхыгъэм ФырэРуслан къытриIыкIа «Лъагъуныгъэм текIуэдахэр», Теувэжыкъуэ Владимир игъэува «Автобус» (Стратиев Станислав и IэдакъэщIэкIырщ лъабжьэ хуэхъуар), Мамий Ержый и лэжьыгъэу Зыхъэ Заурбий зэлэжьа «Щауэхэр» спектаклхэм, Теувэжыкъуэ Владимир таурыхъым кьытриIыкIа «Жэм тельыджащэм» щигъэзэщIаролхэр псори гукьинэж защIэщ.

Актерыр илъэс бжыгfэ куэдкIэ щылажьэ щыIэщ, езыр зыщIэхъуэпсэ роль кьыльымысурэ. Абы теухуауэ дыщеупщIам, ФатIимэ кьыддэкIащ:

- ЗгъэзащIэ роль фIыуэ сымыльэгъуауэ сызэрыхуейм хуэдэу сыдджэгуфIынукьым. «Лъагъуныгъэм текIуэдахэр» спектаклым зи образ кьащIыгъэльэгъуа хьэлджэбз цIыкIур си гум дохьэ, спэгъунэгъущ, и Iэхъу бгъэдыхьэкIэр сысейм къытохуэ. Ауэ, «мыр си роль дыдэщ» жысIэу зыри зэкIэ кьыхэзгъэщхьэхуэкIыфIыну, абыкIэ. Сэ,зыщIэсэ анэм и роль згъэзэщIэну. Абы и псэм щыщIэр, и гупсысэкIэр, биным, унагъуэм щхьэкIэ зохуигъэхуу кьомымрэ и гур зэрыгъуэрэ сценэм кьыщыбгъэлъэгъуэныр псом нэхъ рэ нэхъ гупсыу кьысщохьу сэ. Абы и лъэныкьуэкIэ щапхъэфIщ Кайтов СультIан и «Анэм и гу» спектакль адыгэ театрым щагъэльагъуэмрэ диплом лэжьыгъуэ дгъэувауэ щыта «Рождество в доме Купьелло» жьхуэнIэмрэ.

Театрым зэрыщылажьэм кьыддэкIуэу, ФатIимэ щэнхабзэ пшыхьэкIэр арагъэкIуэкI. «КъыпэкIуэным сыщыгугъыу агъэкуым, сфIэфIщ, апхуэдэуи си зэфIэкIым, Iэзагъым хигъахьэуу, си кьэухыр нэхь нн ищIу кьысщохьу», - жиIэ ФатIимэ.

- Гаастым щIыхуэр нэхъ емжэ зэрыхьуам гу лъызотэри, согуфIэ. Ныбжьыщ Iэхэм дунейм щыхьыбархэр интернеткIэ мыхъуу, газеткIэ, тхыльпкIэ кьащIэмэ зэрынэхьыфIыр кьагурыIуэну сыкIуейт.داود мыхъуми, абыкIэм нэхъ хуабагъэ, щIэныгъэ кьапкърокI.

ИСТЭПАН Залинэ.

● Ди лъэпкъэгъуэхэр

Дызыщыпсэум дыщытхъэркъым

Мы тхыгъэр Интернетым кьысхуащ. Ар зыгъэгъуэ Иракым щыпсэу Нур Абу Нэуарщ, зыхуитхыр КIэрэхъ Хьэсэнщ.

АДЫГЭХЭР, дэнэ дыщыIэми, зауэ-банэм дыхохуэри лей кьыттохьэ. Урыс пащтыхьым зауэ кьыдищыIэри дихьащ. Абы дыхэмыкIыуэдэпэн щхьэкIэ ди лъакъуэ дыздихь дыщIэпхъуэщ. Ауэ дыкъыщыхутами, зауэ кьыззэрыщыхьейуэ, шапэIуэдзу дыщагъэувырт. Зауэм лIыгъэ кьыщыщгъэльэгъуам и хьэтыркIэ, фIыщIэ тхыльхэр кьыддатырт е, дыхэкIуадэрти, щэхьид кьытфлащырт.

Иракым адыгэу мин 19 хуэдиз дыщопсэу, ди бзэри ди хабзэри тхъумэну дыхущIокъу, ауэ тIури кьыдэхъуIэжьыркъым, хьэрыпх хьэлри курд хьэлри кьытхьихьащи. Ди пащащэхэр хамэхэм дэкIуэ хьэщ, ди щIалэхэми нэгъуэщI лъэпкъхэм щыщIэр кьытфIашэ. Уасэр лъапIэщ, ар доллар мин 15 хуэдиз мэхъу.

Ди нысашэхэр адыгэ нысашэ кьабзэу щытыжкьым, пшынэкIэ кьыщыIододжэри, хьэрып бэрэбанэкIэ доухьэк, адыгэ кьафэкIэ доублэри, хьэрып кьафэм хуокIуэк. Ди дежи щыIэкьым адыгэбзэр щадж щыпIэ, кьэфэкIэм зыщыхуагъэсэн Хасэ.

Хамэ хэрал кьихута адыгэхэм политикэм зыпыIуадзу кьекIуэкIащ, ауэ иджы ар кьыддахьуэн, «Эн гупкIэ фисым фыдожьу, дызэрыхьу фымыхьунымэ, фыкъызэдикIам фыкIуэж», - кьыджкIэ. Дэри а псом гуитIщхитI дащIащ. ДыкIуэжкIнут дих хэкужь, ауэ ди Iэхъур зэрыхьунур тщIэркъым. Хэти, и хэкупсыр махэIуэ хьуащи, зыхэсхьи зыдитэщIуэрэ псэуныр нэхъ кьещтэ. ЩIэнкъ ящIэркъым.

Хьэрыпыбзэ тхыгъэр адыгэбзэкIэ зэзыдзэкIар **КЪАЛМЫКЪ Адиннщ.**

● Прохладнэ куей

Чэнджэщ щхьэпэхэр ират

ЧЭНДЖЭЩ щхьэпэхэр иратыж мурадкIэ мы зэхьыхьэм кьыргъэблагъащ зэгъэзэн хуейхэм я адэ-анэхэр. Абыхэм нэсу кьыгурагъэIуащ тхьым щIыхуэм и Iэпкъгъэпкъым щигъэзащIэ кьаланыр зэрыгъунапкъэншэмрэ ар узынщэу щытын папщIэ уэзрыкIэпыпплныну щыкIэхэмэ. Апхуэдэ сэкъат зыгъэуг сабийм и пIэр щIоху. Хэт и дежкIи щохукьым си щхьэ хьэрычэт хуэзымыщIажьэ апхуэдэ быи зиIэ адэ-анэм и псэм гуэзвэгъэущхуэ зэрыгетыыр.

Мы узыфэм и нэхъ кьыззэрыгуэкIыдэу кьалытэ «сколиоз»-рщ (тхыр Iушэ щыхьурщ) Прохладнэ районым щекIуэкIа зэхьыхьэр нэхъ зытегъэщIауэ щытар. «Мы Iуэхум мыхьэнэшхуэ езымыт адэ-анэхэм кьагурыгъэIуапхьэщ дэтхэнэ зы тхы узми Iуэжьыфl эрримэIуэр - апхуэдэ сабийхэр фагъэщ, кьаруэнщэщ, я тхыр хуэм-хуэмурэ кьыдокI, тхьэмбылыр тэмэму дзжьэныжьмкIэ мыхьэнэ ин зиIэ дзажьнапхьэхэр Iушэ мэхъу. Аращ сабийр щIыкIу щыкIэ абы елэжьын щIыхуейр», - жаIащ зэIущIэр езыгъэкIуэкI дохутырхэм. ПIсом ямыхьэрэ нэхъ шынагъуэу мыбыхэм кьатыгъэр тхым игъуэта сэкъатым зэуэ гу зэрыльымытэрщ. АрщхьэкIэ, зэман докIи, сабийм зыхищIэу щIедзэ и гур, тхьэмбылхэр, шхапIэр кьыззэрелыкъуэкъуи, и щIэр щIэх-щIэхыпэр кьыззэреуэзыи, щыгъупщхи зэрыхьум. Апхуэдэ щытыкIэ гугъуи ит сабийр, дауи, еджэнми гугъу демыхьу кьаныркъым.

Адэ-анэхэмэ егъэджакIуэхэмэ я упщI я хуэдым дохутырхэм жэуап кьратащ. Ахэр зэгурыIуащ мыпхуэдэ зэIущIэ щхьэпэ хуэныкъуэ дэтхэнэри ямыгъэщIэхьуну.

ШЭРЭДЖ Дис.

● Футбол

«Спартак-Налшыкым» и гъуэм хэгъэрейхэр кьобгъэрыкIуэ.

Я хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэхэм къыхагъащIэ

«Крылья Советов» (Самарэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:0 (0:0). Гъатхэпэм и 18-м. Самарэ. «Металлург» стадион. Щыху 10.500-рэ епIащ.

Судьир Арсланбеков (Мэскуу), Глот (Ярославль), Кулалаев (Волгоград).

«Крылья Советов»: Веремкэ, Голубев, Таранов, Верховцов, Цаллагов, Воробьев, Петров, Бобер, Прнёмов (Яковлев, 46), Аппаев (Григорян, 89), Корниленко.

«Спартак-Налшык»: Будаков, Овсиенкэ, Аравин, Багаев, Рухана, Щаницин, Концедалов, Голич (Буйтрагэ, 76), Захировнч, Нитришев (Болэ, 69), Фомин (Сирадзе, 59)

Топыр дигъэкIащ Яковлевым, 49 (1:0).

Дигъэхуащащ: Фомин, Аравиным, Тарановым, Рухана, Голубевым.

МыГЪЭМ зэрыщIадзэкрэ зэIущIэ тIурыгI езыгъэжьуэкIа, пIы абыхэми кьыщыхагъэщIа «Крылья Советов»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» гъатхэпэм и 18-м Самарэ щызэпэщIэтащ.

Командхэхэм зэIущIэр жьджэру кьыщIадзащ. Етхуанэ дакьикъэр екIуэкIыу ди щIалэхэм япэ ебгъэрыкIуэныгъэ лъэщ кьызэрагъэпэщащ. Абы хэту топыр кьызыIэрыхьа Фомин гуащхьэхъуэмэхэм кьапекIуэжри, штрафнойм щихьэм гъуэм еуащ. Хэгъэрейхэм я гуащхьэтетым ерагъыу топым кьригъэтъэзащ.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

«А» гупым							
Командхэхэр	Дж.	Къ.	З.	Фl.	Т.	О.
1. «Зенит»	35	19	13	3	69:30	70
2. ЦСКА	34	16	13	5	63:36	61
3. «Локомотив»	35	17	9	9	53:34	60
4. «Динамо»	35	17	8	10	55:40	59
5. «Спартак»	34	16	11	7	52:35	59
6. «Рубин»	35	15	12	8	45-30	57
7. «Анжи»	35	15	11	9	41:34	56
8. «Кубань»	35	15	9	11	42:33	54

«Б» гупым						
Командхэхэр	Дж.	Къ.	З.	Фl.	Т.	О.
9. «Краснодар»	35	13	9	13	45-49	48
10. «Тэрч»	35	11	8	16	34-49	41
11. «Ростов»	35	10	9	16	36-49	39
12. «Амкар»	35	9	11	15	27-43	38
13. «Крылья Советов»	35	8	10	17	24-46	34
14. «Волга»	35	9	4	22	27-46	31
15. «Спартак- Налшык»	35	6	9	20	29-47	27
16. «Томь»	35	5	10	20	21-62	25

Зэ1ущIэ нэужым

ТАШУ Сергей, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Жьапщэмрэ губгъуэмрэ зэран кьытхуэхъуащ

- Нобэрей зэIущIэр хьэтъэу екIуэкIащ. Ди гъуащхьауэхэр псынщIэщ икIи жьыдэкIэщ, ауэ жьапщэмрэ губгъуэпIэ губгъуэр зэрымышIагъуэмра я зэранкIэ абыхэм я зэфIэкI псори кьагъэлъэгъуэну Iэмал ягъуэтакьым. А псом кьищынэмыщIауэ, ди нысашэ кьикIакьым. ДжэгукIэм тепщIыхьмэ, зэпэщIэтынигъэр зэрытемыгъэкIуэу нухьи хуэщI. Щхьэзакъуэ зэныкъуэныгъэхэм хэгъэрейхэр нэхъ лъэщу кьыщыщIэкIащ.

КОБЕ/ЛЕВ Андрей, *«Крылья Советов»-м и тренер нэхъыщхьэ:*

Зэманым хуэфащэт

- Псом япэрауэ, фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ стадионыр зэIущIэм хуэзыгъэхъэзыра лэжьакIуэхэм. Джэгуп1э губгъуэм и гугъу ищIымэ, гъэм и зэманым еГыытауэ ар фIы дыдэщ. ЯпэIыхьэм бжьыгfэр кьыззэIутхыну Iэмал куэдыкIей диIащ. ЕтIуанэм, джэгуГэм и мызакъуэу, ещанэ кьекIуэкIыгъуэ псом нэхъ дахэу кьэпльытэ хьун тоИ Яковлевым дигъэкIри, ди командэм текIуэныгъэ кьыхуихащ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Щалэгъуалэ зэпеуэ

Ди гугъапIэхэр зэпхахэр

«Крылья Советов» (Самарэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:2 (0:2). Гъатхэпэм и 17-м. Самарэ. ЦСК ВВС-м и стадион. Щыху 800 епIащ.

Судьир Резников (Ярославль).

«Крылья Советов»: Козлов, Зверев, Божин, Вихров, Почивалин, Быков (Короман, 46), Шалаев, Нахлестюн, Паленкэ (Галактионов, 77), Васечкин, Пестряев (Алексенко, 64).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Хьэгъэбэнэ, Тебэрды, Абаз, Соблир, Ковальский, Щауер, Мырэ (Мэкъуауэ, 58), Гъурф, Буйтрагэ (КъуэщIысокъуэ, 46), Болэ (Жэмыхъуэ, 46, Кубалов, 90+1).

Топхэр дагъэкIащ Буйтрагэ, 4 (0:1). Болэм, 9 (0:2). Шалаевым, 63 (1:2).

Дагъуэ хуащIащ: Быковым, Вихровым, Почивалиным, Галактионовым, Щауейм.

45-нэ дакьикъэм Паленкэ пенальти худэгъэзэкIакъым.

ЩIАЛЭГъУАЛЭ гупхэм я зэхьэзэхуэм хиубдэу гъатхэпэм и 17-м Самарэ щызэхэтащ «Крылья Советов»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» я зэIущIэ. А зэпэщIэтынигъэр ди щIалэхэм жыджэру кьыщIадзащ икIи епIанэ дакьикъэр екIуэкIыу Буйтрагэ Даниэль хэгъэрейхэм я гуащхьэхъуэмэхэм Iэ ззу кьепекIуэйри, льэщу гъуэм еуащ - 0:1.

ПсынщIэу дагъэкIа топым хьэщIэхэм я лъэр жан кьищIащ. Гупышхуэу ипэкIэ кIуэта налшыкджэсэм дакьикьитху нэхъ дэмыкIыу бжьыгfэр ягъэбгъуащ. «Спартак-Налшыкым» и ебгъэрыкIуэныгъэм хэту топыр кьызыIэрыхьа Болэм «Крылья Советов»-м я гуащхьэтетым зы Iэмали кьыхуигъэнакьым и командэр кьригъэлыну - 0:2.

Дакьикьибгъуэм кьриубыдэу топитIкIэ япэ ища хьэщIэхэм тепщэныгъэр зыIэщIагъэкIыи мурад яIэтэкьым. Уеблэмэ абыхэм хэгъэрейхэм я лъэныкьуэмкIэ зыщатэжьащ. Абы псынщIэ дыдэу гу лыдзыта самарэдэсхэм контратакэ кьызэрагъэпэщащ. Хэгъэрейхэм я футболистым лъэщIэмыхьэ ди щIалэхэм ящыщу зым хабзэр кьызэпимыуду хьуакьым - пенальти. 45-нэ дакьикьэм ар игъэзэщIэну дзыхь зрагъэзэа Паленкэ гъэм техуакьым.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэр командхэхэм джэгукIэ зэхуэдэ кьагъэлъагъуэу ярагъэжьащ, етIуанэ бжьыгfэм зэкьуэтIакьуэхэмкIэ зэхьуажэу. Апхуэдэу екIуэкIащ 63-нэ дакьикьэм нэбгырэ зэхуэдэ зэныкъуэныгъэ зэкьуэтIакьуэхэмкIэ зэхьуажэу. Хэгъэрейхэм я контратакэм екъуIэныгfэ кьахуихьащ. Штрафнойм щихьэм топыр кьызыIэрыхьа Шалаевым льэщу гъуэм еуэри, гуащхьэтетым пэжыжьэ пIанэпэм топыр дигъэкIащ - 1:2.

ЗэщхьэщыкIныныгъэр нэхъ машIэ зыщIыжа «Крылья Советов»-м и гуГьэхэр кьэщIэрэщIжат. АрщхьэкIэ джэгум хуэхьа зэманыр бжьыгfэм зэныкъуэку и кIэм нэблэгъащ.

Мы гъэм зэрыщIадзэкрэ ирагъэкIуэкIа джэгуГэуищым тIэунейрэ ди щIалэщIэхэр щытекIуэщ. Ахэрращ ди республикэм и футболым и кьэкIуэнур зэлъытар икIи абыхэм куэдкIэ даазэрыщIагъуэм щхьэхуэм.

Адрей командхэр зэрыз1эдджэгуам адэкIэ фыщыдгъэгъуэзэнщ: *«А» гупым* - **«Спартак» - ЦСКА - 4:1, «Динамо» - «Зенит» - 2:1, «Кубань» - «Рубин» - 0:1, «Локомотив» - «Анжи» - 0:3;** *«Б» гупым* - **«Волга» - «Краснодар» - 1:2, «Тэрч» - «Ростов» - 0:2, «Амкар» - «Томь» - 2:0.**

МЭЗКУУ Кьанцобий.

● Теплъэгъуэхэр

«Дадэ, жыпIэр гъэщIэгъэнщ, ауэ зыри кьызгурыIуакъым». *Сурэтыр* **БакIуй Хьандэжрий** *трихащ.*

● ДжБР-м и прокуратурэм

Зэхуэдэ щытыкIэ къыхуэзрагъэпэщ

«Егъэджэныгъэм и IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Законым зэхъуэкIныныгъэхэр зэпхьыныным теухуауэ 2012 гъэм мазаем и 28-м кьащта Федеральнэ закон №10-ФЗ-мрэ «Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я кьэрал властхэм я хабзэгъэуэ (лIыкIуэ), гъэзэщIакIуэ Iэнатlэхэр зы щIыкIэм тету кьызэрыщэрагъэпэщыным и Iуэхукlэ» Федеральнэ законым и 26.3-нэ статьямрэ зэрыщыкIэбзыхуам тету, уней сабий гъэсапIэхэмрэ щколхэмрэ бюджет мыпхуэм и хьэжькIэ щIыхуэхэр щрагъэджэнущ.

ШКОЛЫМ и пэ къихуэх, псомэ я зэхуэдэ пэщIэдзэ, псомэ я зэхуэдэ фIэкIыпIэнэ, псомэ я зэхуэдэ (нэгъэсэ) курыт щIэныгfэ щрагъэгъуэт мы къэрал еджапIэхэр зыхуэфащэ бюджетхэм я хэщIхэм я хьэжькIэ мыпхьукIэ кьыззэрызрагъэпэщ правовой лъабжьэр зыгъуэ закон кьащтащ.

А законым щыгъэблагъэ, къапщтэмэ, егъэджакIуэхэм я улахуэм, зэрреджэну тхыльхэм, зэрыраГаджвэ техникэ Iэмэпсымэхэм, зэрыджэгу хьэпшIыпхэм, нэгъуэщI зыхуеинухэм ахъшэу хуэхьынур.

ЗакониР тещIыхьащ сабий гъэсапIэхэмрэ курыт школхэмрэ егъэджэныгъэм пыщIа Iуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщIэну организацэхэм, уней хьэрычэтыщIэхэм зэхуэдэ щытыкIэ кьаухуэзгъэпэщыным.

Нэхъ тынш щащI

«Урысей Федерацэм и гражданиным и паспортым и Положенэм и 11-нэ пунктым зэхъуэкIныныгъэхэр хэлъхьэныр и Iуэхукlэ» 2012 гъэм мазаем и 22-м УФ-м и Правительствэм къыдигъэкIа Унафэ №141-мкIэ Урысей Федерацэм и гражданствэр къэзыщта, апхуэдэу къэрал щIыбым щыпсэу щIыхуэхэм псомэ я зэхуэдэ паспортыр къызэрыIах щыкIэр нэхъ тынш ящI.

НэГЪУЭщIу щыпIэм щыпсэуурэ псомэ я зэхуэдэ паспорт зимыIэ щIыхуэхэм ар кьыIахьэн папщIэ, кьыщалъхуам и щIыхьэт тхыльым и пIэкIэ, УФ-м и гражданиным и хамэ къэрал паспортыр кьигъэсэбэн хьунущ.

Апхуэдэу и гражданствэм и щIыхьэт тхыльым и пIэкIэ, УФ-м и гражданствэр зэрыгъэгъуэнур унафэ зыщIа ограниф зыхуэдэр и заявлеНэм кьыщигъэлъэгъуэну хуитщ. Iэпхъуэщапхъуэхэм я Iэхъуэхмкlэ Федеральнэ къулыкъущIапIэр абы нэгъуэщI Iэнатlэхэм щыщIупщIэ. Ар зэрызэгъакI щIыкIэр УФ-м и МИД-м зэпкърыхауэ щыгъэбелджылащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущапlэр.

● ГИБДД-м къет

ЦIыхуищ хэкIуэдащ

«Кавказ» федеральнэ автомобиль гъэзэгум кьыщыпхуэнасыныщIагъэм щIыхуэн З хэкIуэдащ, 2-м фэбжь хаха.

2012 гъэм гъатхэпэм и 13-м Налшыкэ Аруан къуажэмэ я зэхуакум деж БМВ-735 автомашинэр зезыгъакIуэ, 1963 гъэм къалъуа нарткъалэдзэкIэр гъэгъуэм и адрей лъэныкъуэмкIэ техьэри, ВАЗ-21140-м жьэхэуащ. Нужьрейм исахэм ящыщу 3-р хэкIуэдащ, 2-м фэбжь ягъуэтащ.

ГИБДД-м кьызэрыпытымкIэ, БМВ-м и рулым дэсар чэфу щытащ, езым зыри кьыщыщIакьым. Абы «Дубки» бззэрым хьэрычэт Iуэху щекIуэ. Гъуэгум зэрыщцызекIуэ хабзэр 2006 гъэ лъандэрэ 18-рэ кьызэпидащ.

Iуэхур зэхэтэкI.

Къэрал кIэущI Iуэхуэхмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и УГИБДД-м и пресс-Iуэхущапlэр.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэКIэмыхьу Мариндж** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариндж** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжькьыкарэ Алик.**

КьыдзыгъэкIэхэмэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущапlэхэм ядэлажьэныжьмкIэ - 42-60-53; къыбарыщIэхъэмкIэ, спортымрэ щIыкIэмэхэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIыкIэмэкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеМ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгfэхэм, кьыщаIэта Iуэхуэхуэхэм я гъэзэныжьмкIэ я зэхуэдэ. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынур и щIэ дольщ КъБР-м федеральнэ нощт зэныныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэтащэм и 16-м Печатным и хунтынигъэр хьэмэныжьмкIэ Кьэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ Iуэхущапlэм №ПИ-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэр: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Кьаншокьуэ Элэ, редактору ТекIужь Заретэ, корректорхэр Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Инэ *(1, 2-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкIуэгъу Мырзокан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Мэлбахьэу Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Канизэ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм зыщызэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.000 ● Заказ №730